Byenveni Ozetazini :

Yon Gid pou Nouvo Imigran

U.S. Citizenship and Immigration Services

(M-618-HC)

Byenveni Ozetazini :

Yon Gid pou Nouvo Imigran

U.S. Citizenship
and Immigration
Services

The information presented in *Welcome to the United States: A Guide for New Immigrants* is considered public information and may be distributed or copied without alteration unless otherwise specified. The citation should be:

U.S. Department of Homeland Security, U.S. Citizenship and Immigration Services, Office of Citizenship, *Welcome to the United States: A Guide for New Immigrants*, Washington, DC, 2005.

USCIS has purchased the right to use many of the images in *Welcome to the United States: A Guide for New Immigrants*. USCIS is licensed to use these images on a non-exclusive and non-transferable basis. All other rights to the image, including without limitation and copyright, are retained by the owner of the images. These images are not in the public domain and may not be used except as they appear as part of this guide.

This guide contains information on a variety of topics that are not within the jurisdiction of DHS/USCIS. If you have a question about a non DHS/USCIS issue, please refer directly to the responsible agency or organization for the most current information. This information is correct at the time of printing; however it may change in the future.

Byenveni Ozetazini :

Yon Gid pou Nouvo Imigran

Konpliman difètke ou se yon rezidan pèmànan Ozetazini kounye a. Onon Prezidan Etazini an ak pèp ameriken an, nou swete w labyenveni epi nou swete w anpil siksè Ozetazini.

Sa fè lontan depi peyi Etazini ap akeyi imigran ki soti nan diferan pati nan lemonn. Etazini apresye apò imigran yo ki kontinye anrichi peyi sa a epi prezève eritaj li a antanke yon tè ki bay libète ak opòtinite.

Antanke yon rezidan pèmànan Ozetazini, ou pran desizyon pou rele peyi sa a lakay ou. Pandan w ap travay pou rive atenn objektif ou, pran tan pou rive konnen peyi sa a, istwa li ak pèp li. Kounye a se alafwa dwa w ak responsablite w pou kreye lavni peyi sa a epi asire siksè li nètale.

Gen opòtinite ki enteresan k ap tann ou pandan w ap kòmanse vi w antanke rezidan gran peyi sa a.
Byenveni Ozetazini !

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ozetazini

LÈ W AP ETABLI W OZETAZINI

Èske w gen tout dokiman enpòtan ou bezwen ? Gade paj 7.

Èske w konnen dwa w antanke rezidan pèmànan ? Gade paj 6.

Èske w bezwen yon kote pou rete ? Gade paj 14.

Èske w bezwen yon travay ? Gade paj 21.

Èske w gen pitit ? Gade paj 34.

Èske w bezwen swen sante ? Gade paj 28.

Èske w bezwen aprann anglè ? Gade paj 40.

Èske w konnen sa pou fè si ta gen yon ijans ? Gade paj 44.

Èske w vle vin yon sitwayen ameriken ? Gade paj 60.

Èske w vle konnen plis sou peyi Etazini ? Gade paj 50.

TAB DE MATYÈ

Byenveni Ozetazini : Yon Gid pou Nouvo Imigran i

Depatman ak ajans federal yo iv

Pou plis enfòmasyon v

Enfòmasyon sou Gid sa a 1

Kote pou Jwenn Èd 2

Mete Men nan Aktivite Kominote w la 3

Dwa w ak Responsablite w antanke Rezidan Pèmànan 5

Dwa w ak Responsablite w 6

Mentni Estati Rezidan Pèmànan w lan 7

Si w se yon Rezidan sou Kondisyon 8

Lè w ap chèche asistans legal 9

Konsekans Konpòtman Kriminèl pou Rezidan Pèmànan Yo 11

Lè w ap etabli w Ozetazini 13

Lè w ap chèche yon kote pou rete . . 14

Pou jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal 17

Lè w ap jere lajan w 19

Lè w ap chèche yon travay 21

Lè pou peye taks 25

Lè w ap vwayaje Ozetazini 27

Lè w ap pran swen sante w 28

Lòt pwogram pou benefis federal . . . 30

Edikasyon ak Swen Timoun 33

Edikasyon 34

Edikasyon Siperyè : Kolèj ak Inivèsite 38

Edikasyon pou granmoun 39

Lè w ap aprann anglè 40

Gadri pou timoun 41

Ijans ak Sekirite 43

Èd pou Ijans : Rele 911 44

Kenbe Kay ou ak Fanmi w an Sekirite 45

Sistèm avètisman Sekirite Nasyonal pou atak teworis 46

Lè w ap Aprann Konsènan Peyi Etazini 49

Noumenm Pèp la : Wòl yon Sitwayen Ozetazini 50

Kouman peyi Etazini te kòmanse . . . 50

Pou kreye “ Yon Inyon ki pi Pafè ” . . . 52

Kouman Gouvènman Federal la fonksyone 54

Branch Lejislatif la : Kongrè a 54

Branch Ekzekitif la : Prezidan an 56

Branch Jidisyè a : Lakou Siprèm lan 56

Gouvènman Leta ak Lokal 56

Pou vin yon Sitwayen Ameriken 59

Poukisa pou vin yon sitwayen ameriken ? 60

Natiralizasyon : Vin yon sitwayen . . . 61

Peyi Etazini jounen jodi a (kat jeyografik) . . . 67

Jou ferye federal 68

Enfòmasyon siplemantè 68

DEPATMAN AK AJANS FEDERAL YO

Si w pa sèten ki depatman pou w rele si w gen yon kesyon, kòmanse pa rele 1-800-FED-INFO (oswa 1-800-333-4636) pou mande ki kote pou rele. Moun ki gen pwoblèm pou tande yo ka rele 1-800-326-2996.

Epitou ou ka ale sou sit entènèt http://www.FirstGov.gov pou jwenn enfòmasyon jeneral sou depatman ak ajans federal yo.

Depatman Edikasyon
[Department of Education (ED)]
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue SW
Washington, DC 20202
Telefòn : 1-800-872-5327
Pou moun ki gen pwoblèm tande : 1-800-437-0833
http://www.ed.gov

Komisyon Opòtinite Egal nan Travay
[Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)]
U.S. Equal Employment Opportunity Commission
1801 L Street NW
Washington, DC 20507
Telefòn : 1-800-669-4000
Pou moun ki gen pwoblèm tande : 1-800-669-6820
http://www.eeoc.gov

Depatman Sante ak Sèvis Imen
[Department of Health and Human Services (HHS)]
U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue SW
Washington, DC 20201
Telefòn : 1-877-696-6775
http://www.hhs.gov

Depatman Sekirite Nasyonal
[Department of Homeland Security (DHS)]
U.S. Department of Homeland Security
Washington, DC 20528
http://www.dhs.gov

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ozetazini
[U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS)]
Telefòn : 1-800-375-5283
Pou moun ki gen pwoblèm tande :
1-800-767-1833
http://www.uscis.gov

Pwoteksyon Ladwàn ak Fwontyè Ozetazini
[U.S. Customs and Border Protection (CBP)]
Telefòn : 202-354-1000
http://www.cbp.gov

Depatman pou fè aplike lwa Imigrasyon ak Ladwàn Ozetatzini
[U.S. Immigration and Customs Enforcement (ICE)]
http://www.ice.gov

Depatman Lojman ak Devlopman Iben
[Department of Housing and Urban Development (HUD)]
U.S. Department of Housing and Urban Development
451 7th Street SW
Washington, DC 20410
Telefòn : 202-708-1112
Pou moun ki gen pwoblèm tande : 202-708-1455
http://www.hud.gov

Depatman Lajistis
[Department of Justice (DOJ)]
U.S. Department of Justice
950 Pennsylvania Avenue NW
Washington, DC 20530-0001
Telefòn : 202-514-2000
http://www.usdoj.gov

Sèvis Revni Entèn
[Internal Revenue Service (IRS)]
Telefòn : 1-800-829-1040
Pou moun ki gen pwoblèm tande : 1-800-829-4059
http://www.irs.gov

Sistèm Sèvis Selektif
[Selective Service System (SSS)]
Registration Information Office
PO Box 94638
Palatine, IL 60094-4638
Telefòn : 1-847-688-6888
Pou moun ki gen pwoblèm tande : 1-847-688-2567
http://www.sss.gov

Administrasyon Sekirite Sosyal
[Social Security Administration (SSA)]
Office of Public Inquiries
6401 Security Boulevard
Baltimore, MD 21235
Telefòn : 1-800-772-1213
Pou moun ki gen pwoblèm tande : 1-800-325-0778
http://www.socialsecurity.gov

Depatman Deta
[Department of State (DOS)]
U.S. Department of State
2201 C Street NW
Washington, DC 20520
Telefòn : 202-647-4000
http://www.state.gov

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON NAN MEN USCIS :

Ale sou sit entènèt nou an nan http://www.uscis.gov.

Rele Sant Nasyonal Sèvis Kliyan nou an : 1-800-375-5283 oswa 1-800-767-1833 (pou moun ki gen pwoblèm tande).

Pou jwenn fòm USCIS yo, rele 1-800-870-3676 oswa gade sou sit entènèt USCIS la.

Enfòmasyon sou Gid sa a

Sa pral pran w tan pou w adapte w a nouvo vi w Ozetazini. Gid sa a gen enfòmasyon debaz ki pral ede w etabli w Ozetazini epi ede w jwenn sa oumenm ak fanmi w bezwen pou viv chak jou. Epitou li gen yon rezime enfòmasyon enpòtan sou estati legal ou ak sou ajans ak òganizasyon ki bay kèk dokiman oswa kèk sèvis esansyèl ou ka bezwen.

Antanke yon rezidan pèmànan, ou ta dwe kòmanse aprann kèk bagay sou peyi sa a, pèp li, ak sistèm gouvènman lan. Sèvi ak gid sa a pou konnen dwa w ak responsablite w antanke yon nouvo imigran, pou konprann kouman gouvènman federal, leta, ak gouvènman lokal yo fonksyone, epi pou aprann kouman kèk evenman istorik enpòtan te kontribye pou fòme peyi Etazini. Gid sa a eksplike tou jan li enpòtan pou mete men nan aktivite kominote w la epi li bay sijesyon sou kouman ou ka rive fè sa.

Gid sa a gen yon rezime jeneral dwa, responsablite ak pwosedi ki gen rapò ak rezidan pèmànan. Pou gen plis enfòmasyon detaye, ou dwe gade lwa, règleman, fòm ak gid Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ozetazini [U.S. Citizenship and Immigration Services (USCIS)]. Ou ta dwe toujou konsilte resous pi detaye sa yo si w gen kesyon ki espesifik sou zafè imigrasyon oswa sou ka pa w la. Ou ka jwenn anpil nan enfòmasyon ou bezwen yo sou sit entènèt USCIS la nan http://www.uscis.gov. Ou ka jwenn fòm USCIS yo lè w rele 1-800-870-3676 epi ou ka jwenn plis enfòmasyon lè w rele Sant Nasyonal Sèvis Kliyan USCIS la nan 1-800-375-5283 oswa 1-800-767-1833 (pou moun ki gen pwoblèm tande).

Kote pou Jwenn Èd

Gid sa ap ede w kòmanse, men li pa ka reponn tout kesyon ou ka genyen sou lavi Ozetazini. Pou jwenn plis enfòmasyon, ou ka kontakte yon biwo leta, konte a, oswa vil la pou jwenn enfòmasyon sou sèvis ou bezwen yo oswa konsilte yon òganizasyon ki ede nouvo imigran etabli yo nan lavi bò isit la. Ou ka jwenn biwo ak òganizasyon sa yo lè w sèvi ak resous gratis sa yo nou esplike anba a.

Bibliyotèk Piblik la

Bibliyotèk piblik yo Ozetazini gratis epi yo louvri pou tout moun. Bibliyotèk yo sitiye nan prèske chak kominote. Pèsonèl nan bibliyotèk la ka ede w jwenn enfòmasyon sou prèske nenpòt sijè epi yo ka ba w yon kat bibliyotèk ki ka pèmèt ou prete bagay tankou liv ak videyokasèt, gratis. Pifò bibliyotèk yo gen jounal lokal yo tou ou ka li epi ak òdinatè ou ka itilize pou chèche enfòmasyon sou Entènèt la. Mande pèsonèl bibliyotèk la pou li montre w kouman pou itilize òdinatè a pou fè rechèch sou Entènèt la.

Gen kèk bibliyotèk ki bay klas gratis sou fason pou fè rechèch sou Entènèt. Gen bibliyotèk ki bay leson anglè oswa klas ak lòt pwogram pou timoun ak granmoun tou.

Anyè telefòn lokal ou a

“ Liv telefòn ” lokal ou a (anyè telefòn) gen nimewo telefòn ak enfòmasyon enpòtan sou sèvis federal, leta ak kominote lokal la. Anyè a gen enfòmasyon ijans, kat jeyografik lokal ak enfòmasyon sou fason pou jwenn sèvis telefòn. Paj blanch yo gen nimewo telefòn moun ; paj jòn yo gen nimewo telefòn ak adrès biznis ak òganizasyon ; epi paj ble yo gen nimewo telefòn ak adrès biwo gouvènman federal, lokal ak leta yo. Ou ka rele 411 tou nan telefòn ou a pou jwenn yon nimewo espesifik nenpòt kote Ozetazini. Kominote w la oswa vil ou a ka gen yon liv telefòn apa ki gen paj jòn oswa yon anyè kominote pa li apa.

Entènèt la

Entènèt la ka mete w an kontak ak plizyè sous enfòmasyon, ansanm ak sit entènèt federal, leta ak ajans gouvènman lokal yo. Pifò sit Entènèt gouvènman yo fini ak " .gov ". Si w pa gen yon òdinatè lakay ou, ou ka sèvi ak youn ki nan yon bibliyotèk piblik oswa nan yon " Internet café ", ki se yon biznis ki chaje w lajan pou sèvi ak yon òdinatè ki gen sèvis Entènèt. Ou ka sèvi ak Entènèt la pou chèche travay, jwenn kay, chèche enfòmasyon sou lekòl pou pitit ou, epi lokalize òganizasyon kominotè ak resous ki ka ede w. Epitou ou ka dekouvri enfòmasyon enteresan sou Entènèt la sou lavi Ozetazini, istwa ak gouvènman peyi Etazini ak kominote lokal ou a.

TI KONSÈY : Antanke imigran ou dwe konnen gen moun ki malveyan ki fè sit entènèt ki sanble ak sit gouvènman pou twouble w epi pou pran avantaj sou ou. Sonje sit Entènèt http://www.uscis.gov se sit entènèt ofisyèl Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ozetazini.

Òganizasyon Kominotè ak Òganizasyon Relijye ki ede imigran

Gen òganizasyon nan anpil kominote ki bay asistans gratis oswa bon mache pou imigran. Òganizasyon sa yo ka baw enfòmasyon sou kominote w la ak sèvis ki disponib pou ou antanke imigran. Ou ka chèche òganizasyon sa yo sou Entènèt la, nan anyè telefòn lokal ou a, lè w mande nan bibliyotèk piblik la epi lè w mande ajans sèvis sosyal gouvènman lokal ou a.

Mete Men nan Aktivite Kominote w la

Mete men nan aktivite kominote w la ap ede w santi w lakay ou isit la. Kominote w la se yon bon sous enfòmasyon tou. Men kèk fason ou ka mete men :

- Prezante tèt ou epi chèche konnen vwazen w yo.
- Pale oswa vizite òganizasyon ki nan kominote w ki ede imigran etabli yo Ozetazini.
- Asosye w ak kèk gwoup kote w ale legliz la.
- Chèche rantre nan yon asosyasyon katye. Se yon gwoup moun nan katye a ki rankontre pou travay tèt kole sou zafè ki afekte katye a.
- Pòte w volontè nan yon òganizasyon kominotè, lekòl oswa yon legliz.
- Enskri nan yon klas anglè.

Ou ka jwenn plis ide sou fason pou mete men nan sit entènèt Depatman Lojman ak Devlopman Iben an (Department of Housing and Urban Development) nan http://www.hud.gov. Gade nan seksyon " Kominote " a pou enfòmasyon sou kominote ak kèk sijesyon sou fason ou ka mete men.

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON NAN MEN USCIS :

Ale sou sit entènèt nou an nan http://www.uscis.gov.

Rele Sant Nasyonal Sèvis Kliyan nou an : 1-800-375-5283 oswa 1-800-767-1833 (pou moun ki gen pwoblèm tande).

Pou jwenn fòm USCIS yo, rele 1-800-870-3676 oswa fè yon rechèch sou sit entènèt USCIS la.

Dwa w ak Responsablite w antanke Rezidan Pèmànan

Antanke yon rezidan pèmànan, yo atann yo aske w respekte epi montre fidelite w anvè peyi Etazini epi pou obeyi lwa yo nan peyi nou an. Lè ou se yon rezidan pèmànan sa vle di tou ou genyen nouvo dwa ak nouvo responsablite.

Lè ou se yon rezidan pèmànan se yon “ privilèj ” sa ye, men se pa yon “ dwa ”. Gouvènman peyi Etazini kapab anile estati rezidan pèmànan ou lan nan sèten kondisyon. Ou oblije kenbe estati rezidan pèmànan ou lan si ou vle abite epi travay Ozetazini epi vin yon sitwayen ameriken yon jou. Nan seksyon sa a, ou pral aprann ki sa sa vle di lè ou se yon rezidan pèmànan epi ki jan ou kapab kenbe estati rezidan pèmànan w lan.

Dwa w ak Responsablite w

Sa w ap fè kounye a antanke yon rezidan pèmànan kapab afekte abilte w pou vin yon sitwayen ameriken pita. Pwosesis pou vin yon sitwayen ameriken rele " natiralizasyon ".

Antanke yon rezidan pèmànan, ou gen dwa pou :

- Abite epi travay de fason pèmànan nenpòt kote Ozetazini.
- Aplike pou vin yon sitwayen ameriken dèke ou elijib.
- Mande yon viza pou mari ou oswa madanm ou epi pitit ou ki pa marye pou yo vin abite Ozetazini.
- Jwenn Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Siplemantè, ak benefis Medicare, si ou elijib.
- Posede byen Ozetazini.
- Aplike pou yon pèmi pou kondui nan eta oswa teritwa kote ou abite a.
- Kite epi retounen Ozetazini selon sèten kondisyon.
- Ale nan lekòl piblik ak nan kolèj.
- Rantre nan sèten branch Lame peyi Etazini.
- Achete oswa genyen yon zam afe, depi pa gen kèk restriksyon eta oswa lokalite ki di ou pa kapab fè sa.

Antanke yon rezidan pèmànan, se reponsablite w pou :

- Obeyi tout lwa federal, eta ak lokal yo.
- Peye taks federal, eta ak lokal sou revni.
- Anrejistre avèk Sèvis Selektif (Lame peyi Etazini), si ou se yon gason ki gen ant 18 ak 26 zan. Gade paj 8 lan pou kèk enstriksyon.
- Mentni estati imigrasyon w.
- Pote sou ou prèv estati rezidan pèmànan w lan tout tan.
- Bay Depatman Sekirite Nasyonal la (DHS) nouvèl adrès ou alekri nan yon delè 10 jou apre chak fwa ou demenaje. Gade paj 8 la pou kèk enstriksyon.

Yo bay rezidan pèmànan yo yon kat residan pèmànan ki valab (Fòm I-551) kòm prèv estati legal yo Ozetazini. Gen kèk moun ki rele kat sa a " Kat Vèt " (Green Card). Si w se yon rezidan pèmànan ki gen 18 an oswa plis, ou fèt pou gen avèk ou prèv estati imigrasyon ou. Ou dwe montre yon ofisye imigrasyon kat la si l ta mande w pou fè sa. Kat ou an valab pou 10 an epi ou dwe renouvle l avan li ekspire. Ou ta dwe ranpli Fòm I-90 pou ka ranplase oswa renouvle kat rezidan pèmànan w lan. Ou ka jwenn fòm sa a nan http://www.uscis.gov oswa lè ou rele liy pou fòm USCIS yo. W ap gen pou peye yon frè pou ka soumèt Fòm I-90.

Kat rezidan pèmànan w lan montre ou gen pèmisyon pou w abite epi travay Ozetazini. Ou kapab itilize kat rezidan pèmànan w lan tou pou w re-antre Ozetazini. Si w andeyò Etazini pou plis pase 12 mwa, ou pral oblije montre kèk dokiman siplemantè pou w ka re-antre Ozetazini antanke yon rezidan pèmànan. Gade paj 7 la pou plis enfòmasyon sou ki dokiman ki obligatwa pou ka re-antre Ozetazini, si w andeyò peyi a pou plis pase 12 mwa.

LÒT DOKIMAN ENPÒTAN

Sere dokiman enpòtan ou te pote soti nan peyi natif natal ou a yon kote ki an sekirite. Dokiman sa yo se paspò, batistè, sètifika maryaj, sètifika divòs, diplòm ki montre ou te gradye nan lekòl segondè oswa inivèsite, epi sètifika ki montre ou genyen fòmasyon oswa talan espesyal.

Mentni Estati Rezidan Pèmànan w lan

Gen kèk bagay ou dwe fè pou ka mentni estati rezidan pèmànan w lan. Li enpòtan pou w sonje bagay sa yo si ou planifye pou w aplike pou sitwayènte ameriken alavni.

- Pa kite Etazini pou yon tan long oswa demenaje nan yon lòt peyi pou w abite la de fason pèmànan.
- Ou dwe ranpli deklarasyon sou revni federal ak eta.
- Anrejistre nan Sèvis Selektif, si w se yon gason ki gen ant laj 18 ak 26 an.
- Bay DHS nouvèl adrès ou.

Mentni estati Imigrasyon w

Rezidan pèmànan ki kite Etazini pou yon tan ki long, oswa ki pa kapab montre entansyon yo pou abite de fason pèmànan Ozetazini, kapab pèdi estati rezidan pèmànan yo. Si ou panse ou pral rete andeyò peyi Etazini pou plis pase 12 mwa, ou dwe aplike pou yon pèmi pou re-antre anvan ou kite peyi a. Ou dwe ranpli Fòm I-131, Aplikasyon pou Dokiman pou Vwayaj. Yon pèmi pou re-antre nan peyi a valab pou yon peryòd 2 an epi li montre w ap retounen soti fè yon vizit tanporè aletranje. Ou kapab montre pèmi pou re-antre w la nan yon pò antre.

Ou ka jwenn fòm sa a nan http://www.uscis.gov oswa lè ou rele liy pou fòm USCIS yo. Ou dwe peye yon frè pou ka soumèt Fòm I-131.

Si ou pa kapab retounen Ozetazini anvan pèmi pou re-antre w la ekspire oswa ou pa t aplike pou yon pèmi pou re-antre anvan ou te kite Etazini epi ou te andeyò peyi Etazini pou plis pase 12 mwa, ou ka resevwa yon viza espesyal pou imigran rezidan k ap retounen (SB-1) sot aletranje nan men Depatman Deta a. Genyen kalifikasyon espesyal pou viza sa a. Ale nan http://www.state.gov oswa Biwo Depatman Konsil Eta aletranje ki pi pre w pou plis enfòmasyon.



Pou Ranpli Deklarasyon sou Revni

Antanke yon rezidan pèmànan, ou oblije ranpli deklarasyon sou revni epi rapòte valè lajan ou fè bay Sèvis Revni Entèn [Internal Revenue Service (IRS)] eta w lan, vil, oswa depatman taks lokal la, si yo mande sa. Si w pa ranpli deklarasyon sou revni pandan w abite andeyò peyi Etazini pou nenpòt ki kantite tan, oswa si w di ou se yon " non-imigran " sou papye deklarasyon sou revni, gouvènman peyi Etazini ka deside ou renonse a estati rezidan pèmànan w lan.

Anrejistre nan Sèvis Selektif

Si ou se yon gason epi ou gen ant laj 18 ak 26 zan, ou oblije anrejistre nan Sèvis Selektif. Lè ou anrejistre, ou di gouvènman an ou disponib pou sèvi nan Lame Ameriken. Peyi Etazini pa genyen yon konskripsyon obligatwa pou sèvis militè kounye an. Rezidan pèmànan ak sitwayen pa oblije sèvi nan Lame amwenske yo vle.

Ou ka anrejistre nan yon biwo lapòs Ozetazini oswa sou entènèt la. Pou anrejistre pou Sèvis Selektif sou entènèt, ale nan sit Sèvis Selektif la : http://www.sss.gov. Pou pale ansanm ak yon moun nan Sèvis Selektif, rele 1-847-688-6888. Apèl sa a pa gratis.

Ou ka jwenn enfòmasyon tou sou sit entènèt USCIS la nan http://www.uscis.gov.

Bay DHS nouvèl adrès ou

Chak fwa ou demenaje, ou bezwen di DHS nouvèl adrès ou. Ou oblije ranpli fòm AR-11, kat pou etranje k ap chanje adrès. Ou oblije ranpli fòm sa a nan yon delè 10 jou aprè ou demenaje. Ou pa bezwen peye pou ranpli fòm sa a.

Voye fòm AR-11 bay :
Department of Homeland Security
U.S. Citizenship and Immigration Services
Change of Address
P.O. Box 7134
London, KY 40742-7134

Pou plis enfòmasyon, rele USCIS nan 1-800-375-5283 oswa ale nan http://www.uscis.gov/graphics/formsfee/forms/ar-11.htm.

Si w se yon Rezidan sou Kondisyon

Ou ka Ozetazini antanke yon rezidan sou kondisyon [conditional resident (CR)]. Ou se yon CR si ou te marye pou mwens pase 2 an ak mari oswa madanm ou ki se yon sitwayen ameriken oswa yon rezidan pèmànan jou yo te ba ou estati rezidan pèmànan ou lan. Si ou genyen pitit, yo ka CR tou. Gen kèk envestisè imigran ki se rezidan sou kondisyon tou.

Yon CR genyen menm dwa ak responsablite ak yon rezidan pèmànan. Rezidan sou kondisyon yo oblije ranpli swa Fòm I-751, Petisyon pou retire kondisyon yo sou rezidans, oswa Fòm I-829, Petisyon Antreprenè pou yo retire kondisyon yo, nan yon delè 2 an apre dat yo te ba yo estati rezidan pèmànan sou kondisyon an. Dat sa a se souvan dat ekspirasyon kat rezidan pèmànan w lan. Ou dwe ranpli fòm sa yo nan yon delè 90 jou apre 2 an dat anivèsè depi ou te resevwa estati rezidan sou kondisyon w lan. Si w pa fè sa, ou kapab pèdi estati imigrasyon w lan.

Ranpli Fòm I-751 ansanm ak mari w oswa madanm ou

Si w se yon CR epi ou marye, alòs oumenm ak mari oswa madanm ou oblije ranpli Fòm I-751 ansanm pou ou ka retire kondisyon yo sou estati rezidan w lan.

Pafwa, ou pa bezwen ranpli Fòm I-751 ansanm ak mari oswa madanm ou. Si ou pa marye ak mari oswa madanm ou ankò, oswa si mari oswa madanm ou te abize w, ou ka ranpli Fòm I-751 poukont ou. Si ou pap aplike ansanm ak mari oswa madanm ou, ou ka ranpli Fòm I-751 nenpòt ki lè apre ou vin yon CR.

KI JAN POU RANPLI FÒM I-751 AK FÒM I-829 USCIS YO



Kiyès : Rezidan sou kondisyon

Poukisa : Estati rezidan sou kondisyon vin ekspire 2 an aprè dat ou te vin yon CR.

Kilè : Rezidan sou kondisyon k ap ranpli fòm ansanm ak mari oswa madanm yo oblije ranpli Fòm I-751. Imigran Envestisè yo oblije ranpli Fòm I-829. Yo oblije ranpli toude fòm sa yo nan yon delè 90 jou anvan estati rezidan sou kondisyon yo a ekspire. Dat ekspirasyon an ekri dabitid sou kat rezidan pèmènan w lan.

Ki kote pou jwenn fòm lan : Ou ka rele liy pou Fòm USCIS yo nan 1-800-870-3676. Ou ka jwenn fòm lan tou nan http://www.uscis.gov.

Ki kote pou voye fòm lan : Voye li nan yon Sant Sèvis USCIS. Adrès Sant Sèvis yo nan enstriksyon pou fòm lan.

Konbyen li koute : W ap gen pou peye yon frè pou ka soumèt Fòm I-751 oswa Fòm I-829. Frè sa yo ka chanje, kidonk tyeke ak USCIS pou frè ki gen kounye yo anvan ou voye fòm lan.

Si ou ranpli Fòm I-751 oswa Fòm I-829 alè, USCIS pral dabitid voye yon avi ba ou k ap pwolonje estati CR ou la pou jiska 12 mwa. Pandan tan sa a, USCIS pral revize aplikasyon w lan.

TI KONSÈY : Kenbe kopi tout fòm ou voye bay USCIS ak lòt biwo gouvènman an. Lè w ap voye dokiman, pa voye orijinal yo. Voye kopi pito. Pafwa fòm yo ka vin pèdi. Lè w kenbe kèk kopi yo sa ka ede w evite pwoblèm.

Lè w ap chèche asistans legal

Si w bezwen èd avèk zafè imigrasyon, ou kapab itilize sèvis yon avoka imigrasyon ki gen lisans epi ki konpetan. Ou ka tyeke ak asosyasyon legal ki nan lokalite w la pou ede jwenn yon avoka ki kalifye.

Si ou bezwen èd legal sou yon zafè imigrasyon, men ou pa gen ase lajan pou w angaje yon avoka, genyen kèk opsyon asistans ki pa chè oswa ki gratis. Ou ka mande èd nan men :

- **Yon Òganizasyon ki rekoni.** Se òganizasyon Komite Apèl Imigrasyon [Board of Immigration Appeals (BIA)] rekonèt. Pou yo " rekonèt " yon òganizasyon, li oblije genyen ase konesans ak eksperyans pou bay imigran yo sèvis, epi li kapab mande oswa aksepte sèlman yon frè minim pou sèvis sa yo. Pou yon lis òganizasyon BIA rekonèt, gade nan http://www.usdoj.gov/eoir/statspub/recognitionaccreditationroster.pdf.
- **Yon Reprezantan Akredite.** Se moun ki gen koneksyon ak " òganizasyon rekoni " BIA yo. Reprezantan sa yo ka mande oswa aksepte sèlman frè minim pou sèvis yo. Pou yon lis reprezantan BIA rekonèt, gade nan http://www.usdoj.gov/eoir/statspub/accreditedreproster.pdf.
- **Yon Reprezantan Kalifye.** Se moun ki pral ofri sèvis gratis. Reprezantan sa yo oblije gen konesans sou lwa imigrasyon ak règleman tribinal la. Ekzanp reprezantan ki kalifye genyen ladan yo etidyan ak moun ki gradye nan lekòl dwa ki gen bon karaktè moral epi ki gen afilyasyon pèsonèl oswa pwofesyonèl avèk ou (fanmi, vwazen, klèje, konpayon travay ou, zanmi).

- **Founisè Sèvis Legal Gratis.** Biwo Chèf Jij Imigrasyon an genyen yon lis founisè sèvis legal gratis, yo rekonèt, pou moun ki gen ka jijman imigrasyon (gade nan http://www.usdoj.gov/eoir/probono/states.htm). Se yon lis avoka ak òganizasyon ki ka aksepte reprezante imigran nan jijman devan tribinal imigrasyon yo. Avoka ak òganizasyon nan lis sa a dakò pou ede imigran *pro bono* (gratis) sèlman pou ka jijman nan imigrasyon, kidonk genyen ladan yo ki pap kapab ede w avèk zafè ki pa gen pou wè ak tribinal (tankou, petisyon pou visa, natiralizasyon, eksetera...).
- **Pwogram *Pro Bono*.** W ap jwenn dabitid lis òganizasyon lokal ak reprezantan yo rekonèt antanke *pro bono* (gratis) nan chak biwo lokal USCIS.

SI OU SE YON VIKTIM ABI FAMILYAL



Si ou se yon viktim abi familyal, ou ka jwenn èd lè ou rele liy nasyonal asistans pou Vyolans Familyal nan 1-800-799-7233 oswa 1-800-787-3224 (pou moun ki gen pwoblèm tande). Gen èd nan lang panyòl ak lòt lang.

Lwa Vyolans Kont Fanm (The Violence Against Women Act) pèmèt madanm ak pitit sitwayen ameriken ak rezidan pèmànan yo abize pou yo " fè petisyon poutèt yo ", oswa ranpli pwòp petisyon yo poukont yo pou vin rezidan pèmànan. Gade nan http://uscis.gov/graphics/howdoi/battered.htm oswa rele Liy nasyonal asistans pou Vyolans Familyal pou plis enfòmasyon.

Fètatansyon ak Magouy Konsiltan Imigrasyon !

Anpil moun ki travay nan zafè imigrasyon byen kalifye epi onèt epi yo ka ofri bon sèvis bay imigran. Sepandan, genyen kèk moun ki konn pran avantaj sou imigran yo.

Anvan ou deside pou resevwa èd ak zafè imigrasyon, epi anvan ou peye ankenn lajan, ou dwe fè kèk rechèch pou w ka pran bon desizyon sou ki kalite èd legal ou bezwen. Pwoteje tèt ou pou w pa vini yon viktim magouy nan zafè imigrasyon.

Men kèk bagay pou w sonje :

- Pa gen ankenn òganizasyon prive oswa moun k ap bay èd ak zafè imigrasyon ki gen yon koneksyon espesyal ak USCIS. Poze kesyon konsènan moun ki fè pwomès ki parèt twò bèl oswa ki di yo genyen yon relasyon espesyal ak USCIS. Pa kwè moun ki garanti w rezilta oswa ki di w yo pral fè pwosesis la mache pi vit. Si ou pa kalifye pou yon benefis pou imigran, menmsi ou genyen yon avoka oswa yon konsiltan nan zafè imigrasyon sa pa pral chanje sitiyasyon an.
- Gen kèk konsiltan, ajans vwayaj, biwo imobilye (real estate), ak moun yo rele " notè piblik " ki bay sèvis imigrasyon. Asire ou poze kesyon sou kalifikasyon yo epi mande pou wè kopi lèt akreditasyon BIA yo oswa sètifika yo pase egzamen avoka leta. Kèk moun ki di yo kalifye pou bay sèvis legal pa kalifye tout bon vre. Moun sa yo kapab fè erè ki ka koze w anpil gwo pwoblèm.
- Si w itilize yon konsiltan imigrasyon oswa avoka, fè yon kontra alekri. Kontra a dwe nan lang anglè ak nan lang natif natal ou, si anglè se pa lang natif natal ou. Tout sèvis yo pral ba ou dwe ekri sou kontra a epi endike konbyen sèvis yo pral koute. Mande pou kèk referans anvan ou siyen kontra a.
- Eseye evite peye lajan kach pou sèvis yo. Asire w ou genyen resi pou peman ou fè. Asire ou kenbe tout dokiman orijinal ou yo.
- Pa janm siyen yon fòm oswa yon aplikasyon ki vid. Asire w ou konprann sa w ap siyen an.

Mande èd si yon konsiltan imigrasyon fè magouy sou ou. Rele pwokirè jeneral eta w la oswa lokalite w la, depatman zafè konsomatè, oswa depatman lapolis lokal la.

Konsekans Konpòtman Kriminèl pou Rezidan Pèmànan Yo

Etazini se yon sosyete ki respekte lalwa. Rezidan pèmànan Ozetazini oblije obeyi tout lwa yo. Si w se yon rezidan pèmànan epi ou mele oswa ou koupab de yon krim Ozetazini, ou ka genyen anpil pwoblèm. Yo ka mete w deyò nan peyi a, yo ka pa pèmèt ou retounen Ozetazini si ou kite peyi a, epi, nan sèten sikonstans, ou ka pèdi kalifikasyon w pou sitwayènte amerikèn. Ekzanp krim ki kapab afekte estati rezidan pèmànan ou se :

- Yon krim yo defini antanke yon " deli grav ", ki se krim vyolans ki se deli avèk yon santans prizon pou yon lane oswa plis.
- Asasinay.
- Aktivite teworis.
- Vyòl.
- Krim seksyèl sou yon timoun.
- Trafik dwòg, trafik zam afe, oswa trafik moun.
- Yon krim " basès moral ", ki se jeneralman yon krim ki fèt ak entansyon pou vòlè oswa fè fwòd ; yon krim kote yo menase oswa fè tò fizik ; yon krim kote konpòtman danjere kote tò fizik ; oswa yon krim seksyèl.

Genyen gwo konsekans grav pou ou antanke yon rezidan pèmanan si ou :

- Manti pou resevwa benefis imigrasyon pou oumenm oswa yon lòt moun.
- Di ou se yon sitwayen ameriken alòske se pa vre.
- Vote nan eleksyon federal oswa eleksyon lokal ki rezève pou sitwayen ameriken sèlman.
- Se yon " bivè envetere " – yon moun ki sou oswa yon moun ki itlize dwòg ilegal prèske tout tan.
- Marye avèk plis pase 1 moun anmenmtan.
- Pa okipe fanmi ou oswa pa peye frè sipò pou timoun oswa madanm jan lalwa mande pou fè sa.
- Yo arete w pou atak oswa menas sou yon manm fanmi ou, tankou vyole yon lòd pwoteksyon. Yo rele sa vyolans familyal.
- Manti pou resevwa benefis piblik.
- Pa ranpli deklarasyon revni lè pou fè sa.
- Pa anrijistre entansyonèlman nan Sèvis Selektif si ou se yon gason ki gen ant 18 ak 26 an.

Si ou komèt oswa yo akize w de yon krim, anvan ou aplike pou yon benefis imigrasyon ou dwe pale ansanm ak yon avoka imigrasyon ki gen bon repitasyon oswa yon òganizasyon ki baze nan kominote a ki bay imigran sèvis legal. Gade paj 9 pou enfòmasyon sou kijan pou jwenn asistans legal.

Lè w ap etabli w Ozetazini

Seksyon sa a bay enfòmasyon ki ka ede w adapte w ak lavi Ozetazini. Ou pral jwenn enfòmasyon sou kouman pou chèche kay ak travay, kouman pou jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal ak yon lisans chofè, kouman pou jere lajan w, epi jwenn swen lasante pou oumenm ak tout fanmi w.

Lè w ap chèche yon kote pou rete

Ou ka chwazi ki kote ou vle rete Ozetazini. Anpil moun rete ak zanmi oswa ak fanmi yo lè yo fèk vini. Kou yo jwenn yon travay, yo al rete nan pwòp kay yo. Pafwa òganizasyon relijye oswa òganizasyon kominotè yo konn ede yo tou jwenn kote pou yo rete tanporèman.

Ozetazini, majorite moun depanse apeprè 25 pousan salè yo pou peye kay. Men kèk chwa ou genyen nan zafè kay :

Lwe yon kay

Ou ka lwe yon apatman oswa yon kay. Ou ka jwenn yo plizyè fason :

- Chèche siy sou bilding ki ekri "Apartment Available" (" Apatman disponib ") oswa "For Rent" (" Pou lwe ").
- Gade nan seksyon jounal la ki rele "Classified Advertisements" (" Anons klasifye ") oswa ("Anons "). Chèche paj ki make "Apartments for Rent" (" Apatman pou lwe ") ak "Homes for Rent" (" Kay pou lwe "). Seksyon nan paj sa yo ap gen enfòmasyon sou kay yo, tankou kote yo sitiye, ki kantite chanm yo genyen, ak konbyen kòb lwaye a ye.
- Gade nan seksyon "Property Management" (" Jesyon imobilye ") ki nan paj jòn nan anyè telefòn lan. Sa yo se konpayi ki lwe kay. Konpayi sa yo ka mande w peye yon frè pou yo sa ede w chèche yon kay.
- Mande zanmi ak fanmi w oswa moun ki nan travay ou si yo pa konnen kèk kote y ap lwe.
- Gade sou tablo afichaj ki nan bibliyotèk yo, makèt yo, ak sant kominotè yo pou anons ki ekri "For Rent" (" Pou lwe ").
- Chèche sou Entènèt la pou kote y ap lwe. Si ou pa gen yon òdinatè lakay ou, ou kapab ale nan bibliyotèk piblik ki nan katye w la oswa nan yon biznis ki chaje w lajan pou sèvi ak yon òdinatè ki gen sèvis entènèt (Internet café).
- Rele yon ajan imobilye ki travay nan zòn ou an.

Men a ki sa pou atann ou lè w ap lwe yon kay

Lè w ap fè yon aplikasyon pou sa lwe yon kote. Yo rele moun ki gen apatman oswa kay pou lwe " pwopriyetè ". Yon pwopriyetè ka mande w pou ranpli yon fòm aplikasyon pou ka lwe. Fòm aplikasyon sa a se yon mwayen pou pwopriyetè a verifye si ou gen lajan pou peye lwaye a.

Fòm aplikasyon an ka mande pou bay yon nimewo Sekirite Sosyal ak prèv ki montre w ap travay. Si ou poko genyen yon nimewo Sekirite Sosyal ou ka sèvi ak Kat Rezidan Pèmànan w lan. Ou ka montre souch chèk travay ou a kòm prèv w ap travay. Epitou yo ka mande w pou peye yon frè minim pou aplikasyon an.

Si ou poko ap travay, ou ka bezwen yon lòt moun siyen kontra lokasyon an ansanm ak ou. Moun sa a rele yon " ko-siyatè ". Si ou paka peye lwaye a, ko-siyatè a ap oblije peye lwaye a pou ou.

Lè w ap siyen yon afèmaj. Ou siyen yon kontra lokasyon oswa " afèmaj " si pwopriyetè a dakò pou ou lwe kote a. Lè ou siyen yon afèmaj, ou aksepte pou peye lwaye w alè epitou pou ou rete nan kay la pou yon tan byen presi. Majorite afèmaj yo se afèmaj pou (1) ennan. Ou ka jwenn kay tou pou peryòd ki pi kout pase sa, tankou pou 1 mwa. Ou ka peye plis lajan pou yon afèmaj ki kout pase pou youn ki pi long.

Lè ou siyen yon afèmaj, ou aksepte pou kenbe kay la pwòp epi nan bon kondisyon. Si ou domaje kay w ap lwe a, yo gen dwa fè w peye anplis pou sa. Epitou afèmaj lan gen dwa site kantite moun ki ka rete nan kay la.

Yon afèmaj se yon dokiman legal. Se pou respekte pati paw la nan kontra a. Se pou pwopriyetè yo tou respekte pati pa yo. Se pou yo kenbe pwopriyete a an sekirite epi nan bon kondisyon.

Lè w ap peye yon depo kòm garanti. Anjeneral, lokatè yo konn peye yon depo kòm garanti lè yo rantre nan kay la. Dabitid depo sa a reprezante yon mwa lwaye. Yo pral remèt ou depo sa a si lè w ale, ou kite kay la pwòp epi nan bon kondisyon. Si se pa sa, pwopriyetè a ka kenbe yon pati oswa tout depo a pou li sa peye pou netwayaj epi pou l fè kèk reparasyon.

Anvan ou rantre nan kay la oswa apatman an, se pou fè yon enspeksyon. Fè pwopriyetè a konnen si ou jwenn nenpòt pwoblèm. Pale ak pwopriyetè a anvan ou kite kay la pou sa konnen ki reparasyon pou w fè pou sa jwenn tout montan depo kòm garanti w lan.

Lè w ap peye lòt frè lokasyon. Nan sèten kay oswa apatman, peman lwaye a tou gen ladan l peman pou sèvis piblik (gaz, kouran, chofaj, dlo, ak koleksyon fatra). Gen de lòt ki mande pou peye depans sa yo apa. Mande pwopriyetè a si sèvis piblik enkli nan peman lwaye a. Si yo enkli nan lwaye a, asire w enfòmasyon sa a nan kontra lokasyon an anvan ou siyen li. Si sèvis piblik pa enkli nan lwaye a, li bon pou ta konnen konbyen yo pral koute. Depans pou sèten sèvis piblik ap pi plis pandan sezon ete a (akòz èkondisyone) oswa pandan sezon livè (akòz chofaj).

LÈ POU KÈK REPARASYON FÈT

Se pou pwopriyetè yo kenbe kay oswa apatman w ap lwe a an sekirite epi nan bon kondisyon. Si ou gen yon pwoblèm :

- **Premyèman, pale ak pwopriyetè w la. Fè l konnen ki sa pwoblèm lan ye epi di l ou vle pou l repare l.**
- **Apresa, ekri yon lèt bay pwopriyetè a pou di l ki sa pwoblèm nan ye. Kenbe yon kopi lèt la pou tèt ou.**
- **Finalman, rele Biwo Lojman nan zòn ou an. Majorite gouvènman minisipal oswa lokal yo lokal yo gen moun ki fè enspeksyon nan kay yo pou verifye si gen pwoblèm. Mande enspektè a pou l vizite kote w rete a epi montre l tout pwoblèm yo.**

Si pwopriyetè a pa repare pwoblèm yo, ou kapab anmezi pou pote yon plent legal kont li.

Lè w ap soti nan yon afèmaj. Lè w soti nan yon kontra lokasyon sa rele " tèmine yon afèmaj ". Pwopriyetè a ka aksepte pou soti nan afèmaj lan anvan lè si li jwenn yon lòt moun pou lwe kay la. Si li pa jwenn moun, ou kapab gen pou peye lwaye chak mwa jouk ou rive nan dat limit afèmaj lan, menmsi ou pap rete nan kay la. Ou ka pèdi depo sekirite w la tou si ou kite anvan dat limit fèm lan. Bay pwopriyetè a yon avi alekri ki deklare ou vle kite kay la. Majorite pwopriyetè yo egzije yon avi omwen 30 jou anvan ou kite.

SE POU KONNEN DWA W YO : DISKRIMINASYON NAN ZAFÈ LOJMAN PA AKSEPTAB

Pwopriyetè pa gen dwa refize lwe w yon kote akòz ki moun ou ye. Se yon vyolasyon lalwa pou pwopriyetè yo rejte w akòz :

- **ras oswa koulè po w.**
- **peyi kote w soti.**
- **relijyon w.**
- **sèks ou.**
- **yon andikap fizik.**
- **eta sivil ou, pa egzanp si ou se yon moun marye oswa yon selibatè.**

Si ou gen enpresyon yo refize lwe w yon kay poutèt youn nan rezon sa yo, ou ka kontakte Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ozetazini [U.S. Department of Housing and Urban Development (HUD)] pa telefòn nan nimewo 1-800-669-9777. Yo bay enfòmasyon an nan lang anglè ak nan lang panyòl.

TI KONSÈY : Si w ap demenaje, ou ta dwe avize Biwo Lapòs Ozetazini pou yo sa voye kourye w yo nan nouvo adrès la. Ou ka ale sou entènèt la pou chanje adrès ou, ale nan http://www.usps.com oswa vizite biwo postal lokal la epi mande yon "Moving Guide" (" Gid pou demenajman "). Epitou pa bliye pou ranpli epi remèt Fòm AR-11 bay DHS. Gade paj 8 pou enstriksyon yo.

Lè w ap achte yon kay

Pou anpil moun, achte yon kay reprezante yon pati nan "Rèv ameriken" an. Gen anpil avantaj pou posede yon kay epi sa pote anpil responsablite tou.

Ajan imobilye ka ede w jwenn yon kay pou achte. Mande zanmi oswa moun k ap travay ak ou oswa rele yon ajans imobilye nan zòn ou an pou yo sa ba ou non yon ajan. Mande pou yon ajan ki konn zòn kote ou vle achte kay ou fen e byen. Ou ka chèche nan seksyon "Classifieds" (" Anons ") ki nan paj "Homes for Sale" (" Kay pou vann ") ki nan jounal la. Ou ka chèche tou pou pankat ki ekri "For Sale" (" Pou vann ") ki nan katye ou renmen yo.

Pifò moun bezwen fè yon prè labank pou peye pou yon kay ; sa rele yon " ipotèk " (mògedj). Ou ka jwenn yon ipotèk nan yon bank lokal oswa nan yon konpayi ki fè ipotèk. Lè ou gen pou fè yon ipotèk sa vle di ou prete lajan a yon to enterè byen espesifik epi pou yon peryòd tan byen presi.

Enterè ou peye sou ipotèk ou a ka pase kòm dediksyon lè w ap ranpli deklarasyon sou revni federal ou an (income tax).

TI KONSÈY : Fè trèzatansyon ak bank oswa konpayi k ap prete lajan epi ki chaje to enterè sou ipotèk ki wo anpil. Gen de bank oswa konpayi k ap prete lajan ki ka eseye chaje w plis poutèt yo wè ou fèk vini nan peyi a. Gen lwa ki pwoteje kont fwòd, depans ki pa nesesè, ak diskriminasyon ki fèt lè yon moun ap achte yon kay. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite seksyon "Homes" (" Kay ") ki nan adrès entènèt http://www.hud.gov.

Li nesesè tou pou w achte yon asirans pou pwopriyetè kay pou ede w peye pou nenpòt domaj posib ki fèt nan kay ou a. Dabitid asirans kouvri domaj ki fèt akòz move tan, dife, oswa vòl. Epitou w ap gen pou peye enpo lokatif sou valè kay la.

Yon ajan imobilye oswa yon avoka ki okipe zafè imobilye ka ede w jwenn yon ipotèk ak asirans. Li ka ede w ranpli fòm pou achte kay la tou. Yon ajan imobilye pa ta dwe chaje w yon frè pou achte yon kay. Sepandan, ou ka byen gen pou peye avoka ki okipe zafè imobilye a yon frè pou li sa ede w ranpli fòm yo. W ap gen pou peye frè pou ipotèk ou a epi pou anrejistre fòm legal yo avèk leta. Frè sa yo rele " frè kloti tranzaksyon an " ("closing costs"). Se pou ajan imobilye a oswa bank oswa konpayi k ap fè ipotèk la di w konbyen kòb frè sa yo ap ye anvan menm ou siyen fòm acha final pou kay la.

ENFÒMASYON SIPLEMANTÈ SOU ACHTE OSWA LWE YON KAY

Vizite sit entènèt Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ozetazini nan http://www.hud.gov oswa rele nan nimewo 1-800-569-4287 pou enfòmasyon nan lang anglè ak nan lang panyòl. Pou enfòmasyon sou achte yon kay ak pou jwenn yon ipotèk, vizite sit entènèt pou Sant Federal Enfòmasyon pou Sitwayen an (Federal Citizen Information Center) nan http://www.pueblo.gsa.gov. Epitou gade nan seksyon "For Homeowners and Home Buyers" (" Pou pwopriyetè kay ak achtè kay ") ki sou sit entènèt la nan http://www.fanniemae.com.

Pou jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal

Antanke yon rezidan pèmànan, ou ka jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN). Yon nimewo Sekirite Sosyal se yon nimewo gouvènman ameriken an ba ou. Li ede gouvènman an gen kontwòl sou revni w yo ak benefis ou ka resevwa yo. Bank ak lòt ajans, tankou lekòl yo, itilize l tou pou idantifye w. Yo ka mande w pou SSN ou lè w ap lwe yon apatman oswa lè w ap achte yon kay.

Depatman gouvènman an ki anchaj Sekirite Sosyal rele Administrasyon Sekirite Sosyal. Men sa pou fè pou jwenn biwo Sekirite Sosyal ki pi pre w la :

- Mande zanmi oswa vwazen w yo kote pou jwenn biwo Sekirite Sosyal ki pi pre w la.
- Rele nan nimewo 1-800-772-1213 ant 7 è dimaten ak 7 è diswa. Enfòmasyon an nan lang anglè ak lang panyòl. Yo ofri sèvis entèprèt gratis.
- Chèche adrès la nan paj ble nan anyè telefòn lan.
- Chèche nan sit entènèt Administrasyon Sekirite Sosyal la nan http://www.socialsecurity.gov.

SI OU PA PALE ANGLÈ

Biwo Sekirite Sosyal la ka mete w an kontak ak yon entèprèt, san ou pa peye, pou li sa ede w aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal. Di moun ki reponn telefòn lan nan nimewo 1-800-772-1213 ou pa pale anglè. Yo pral chèche yon entèprèt pou ede w nan telefòn lan. Ou ka jwenn asistans yon entèprèt tou lè ou vizite biwo Sekirite Sosyal la.

Sit entènèt Administrasyon Sekirite Sosyal la gen enfòmasyon itil pou moun ki vini Ozetazini pou premye fwa. Gen yon seksyon nan sit entènèt la ki gen enfòmasyon nan 14 lang sou Sekirite Sosyal. Vizite http://www.socialsecurity.gov.

Ou pa bezwen ranpli yon aplikasyon oswa ale nan biwo Sekirite Sosyal la pou jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal, si :

- Ou te mande pou yon nimewo Sekirite Sosyal oswa yon kat lè w te aplike pou yon viza imigran EPI
- Ou te aplike pou yon viza imigran nan mwa oktòb 2002 oswa apre, EPI
- Ou te gen 18 an daj oswa ou te pi gran lè w te ranre Ozetazini.

EVITE VÒL IDANTITE

" Vòl idantite " vle di yon moun vòlè enfòmasyon pèsonèl ou, tankou nimewo Sekirite Sosyal ou oswa nimewo kont anbank ou. Yo ka sèvi ak enfòmasyon sa a pou pran lajan sou kont anbank ou oswa pou gen yon kat kredi sou non w. Vòl idantite se yon krim ki grav. Men sa pou fè pou pwoteje tèt ou :

- **Asire w ou konnen epi fè moun oswa biznis w ap bay enfòmasyon pèsonèl ou yo konfyans, sitou lè w ap bay enfòmasyon sa yo nan telefòn oswa sou entènèt la.**
- **Kite kat Sekirite Sosyal ou lakay ou nan yon kote ki an sekirite. Piga ou pote l sou ou.**
- **Pote sou ou sèlman dokiman idantifikasyon oswa kat kredi ou bezwen nan moman an. Kite lòt yo lakay ou nan yon kote ki an sekirite.**
- **Dechire oswa detwi an ti moso nenpòt papye oswa fòm ki gen enfòmasyon pèsonèl ou sou yo, anvan ou jete yo nan fatra.**

Si ou gen yon pwoblèm ak vòl idantite, ou ka jwenn asistans lè w rele Liy Asistans pou vòl Idantite Komisyon Komès Federal la (Federal Trade Commission's ID Theft Hotline) nan nimewo 1-877-438-4338. Ou ka jwenn enfòmasyon tou nan http://www.consumer.gov/idtheft.

Nan sitiyasyon sa a, se Depatman Deta ak Depatman Sekirite Nasyonal (Departments of State and Homeland Security) yo ki te voye enfòmasyon ki te nesesè bay Administrasyon Sekirite Sosyal la pou asiyen yon SSN (nimewo Sekirite Sosyal) pou ou. Administrasyon Sekirite Sosyal la pral asiyen yon SSN pou ou epi l ap voye kat SSN ou an nan adrès Ozetazini kote USCIS voye Kat Rezidan Pèmànan w lan. Ou ta dwe resevwa kat SSN ou an apeprè 3 semenn apre ou rive Ozetazini. Si ou pa resevwa kat ou a omwen 3 semenn apre ou rive Ozetazini oswa si ou chanje adrès kote ou abitye resevwa kourye w yo apre ou vin Ozetazini men anvan ou resevwa kat SSN ou an, kontakte Administrasyon Sekirite Sosyal la.

Ou dwe ale nan yon biwo Sekirite Sosyal pou jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal si :

- Ou pa t mande pou yon nimewo Sekirite Sosyal oswa yon kat lè w te aplike pou yon viza imigran OSWA
- Ou te aplike pou kat viza imigran w lan anvan mwa oktòb 2002, OSWA
- Ou potko gen 18 an daj lè ou te rantre Ozetazini.

Yon reprezantan Sekirite Sosyal pral ede w aplike pou SSN lan. Pote dokiman sa yo lè ou ale nan biwo a pou aplike :

- Yon batistè oswa yon dokiman tankou paspò w ki montre kilè ak ki kote ou te fèt, EPI
- Yon dokiman ki montre estati ou kòm imigran, ak tout otorizasyon pou travay Ozetazini. Dokiman sa a se kapab Kat Rezidan Pèmànan w lan oswa paspò w la ki gen yon so imigrasyon oswa yon etikèt viza.

W ap resevwa nimewo Sekirite Sosyal ou pa lapòs. Ou sipoze resevwa kat Sekirite Sosyal ou a apeprè 2 semenn apre Administrasyon Sekirite Sosyal la fin resevwa tout dokiman nesesè pou aplikasyon w nan. Si gen nesesite pou yo verifye nenpòt nan dokiman w yo, sa gen dwa pran plis tan pou resevwa SSN ou an.

Lè w ap jere lajan w

Lè pou ouvri yon kont labank

Yon kont labank se yon kote ki an sekirite pou kenbe lajan w. Bank yo gen plizyè kalite kont diferan. Kont kouran (pou peye bòdwo) ak kont depay (pou resevwa enterè sou lajan w lan) se de (2) kont ki pi komen yo. Ou ka ouvri yon kont pou tèt ou sèlman oswa yon kont komen ak mari oubyen madanm ou oswa ak yon lòt moun. Bank yo ka chaje w frè pou sèten nan sèvis yo ofri w yo.

Asosyasyon kooperativ depay ak kredi (kredi inyon) ak asosyasyon depay ak prè se lòt opsyon pou fè tranzaksyon bankè. Travay ou gen dwa gen yon asosyasyon kooperativ depay ak kredi (kredi inyon) ou ka antre ladan l. Asosyasyon kooperativ depay ak kredi (kredi inyon) ofri majorite sèvis bank yo ofri, sepandan anpil nan yo ofri sèvis siplemantè. Konpare sèvis yo, frè yo, orè yo, ak kote bank yo sitiye anvan ou ouvri yon kont, konsa ou va chwazi youn ki satisfè bezwen w pi byen.

TI KONSÈY : Plizyè magazen ofri sèvis pou ankese chèk ak sèvis pou voye lajan nan peyi etranje, men sa koute lajan. Tyeke pou wè si bank ou an ofri sèvis sa yo pou yon frè ki pi piti.

KENBE LAJAN W AN SEKIRITE

Li pa pridan pou kite gwo kantite lajan lakay ou. Li pa pridan nonplis pou mache ak gwo kantite lajan sou ou. Yo ka vòlè l oswa ou ka pèdi l. Lajan w an sekirite si ou mete li nan yon bank ki se yon manm Kòporasyon Federal pou Asirans Depo (FDIC) (Federal Deposit Insurance Corporation). FDIC a bay bank yo asirans pou pwoteje lajan w. Si bank ou an vin fèmen definitivman, FDIC ap peye montan lajan ki te nan kont anbank ou jiska yon limit $100 000. Asire w bank ou chwazi a gen asirans FDIC.

Lè w ap ouvri yon kont labank, yo pral mande w pou bay prèv idantite w. Ou ka sèvi ak Kat Rezidan Pèmànan w lan oswa lisans chofè w la. W ap gen pou bay bank la yon lajan tou – ki rele yon " depo " – pou mete nan kont ou. Apre kèk jou, ou ka pran lajan nan kont lan. Sa rele " Fè tiraj " lajan. Ou ka fè tiraj lajan lè ou ekri yon chèk, ale nan yon Gichè Otomatik (ATM), oswa ranpli yon fòm pou fè tiraj nan bank lan.

Lè w ap itilize kont anbank ou an

Ou ka pran lajan nan kont anbank ou lè ou itilize yon chèk pèsonèl oswa yon kat ATM. Asire w se oumenm sèlman ak, si ou gen youn, moun ki gen kont komen ak ou an ki gen aksè nan kont ou an.

Chèk pèsonèl. Lè ou ouvri kont kouran w lan, w ap resevwa yon apwovizyònman chèk pèsonèl. Chèk sa yo se fòm w ap ranpli pou peye pou yon bagay. Chèk yo la pou fè bank ou an konnen pou li peye moun oswa biznis ou ekri non an sou chèk la. Kenbe chèk sa yo yon kote ki an sekirite.

Kat ATM. Ou ka mande bank ou an pou yon kat ATM. Se yon ti kat plastik ki relye ak kont anbank ou. Sèvi ak kat sa a pou pran lajan oswa fè depo lajan nan kont anbank ou nan yon machin ATM. Anjeneral ou pa peye yon frè pou sèvi ak ATM pwòp bank ou. Ou ka peye yon frè si ou sèvi ak ATM nan yon lòt bank.

Anplwaye bank lan ap montre w kouman pou sèvi ak yon kat ATM epi y ap ba w yon nimewo espesyal, ki rele yon PIN (nimewo idantifikasyon pèsonèl) pou sa itilize nan ATM nan. Fè atansyon lè w ap itilize ATM yo. Piga ou janm bay yon moun nimewo PIN ou oswa kat ATM ou. Yo ka sèvi ak li pou pran lajan sou kont anbank ou.

Kat debi. Bank ou ka ba w yon kat debi pou itilize pou kont kouran w lan. Pafwa kat ATM ou an ka sèvi tankou yon kat debi tou. Kat debi pèmèt ou peye pou yon bagay san ou pa gen pou ekri yon chèk, li fè bank lan voye lajan an dirèkteman bay bisniz kote w ap achte a.

Chèk bankè. Chèk bankè se chèk bank lan prepare lè w mande yo. Ou bay bank lan lajan epi yo emèt yon chèk bankè pou montan lajan an alòd moun oswa biznis ou vle ki resevwa l la. Bank yo ka chaje yon frè pou chèk bankè yo.

KAT KREDI

Kat kredi – ki rele " kat pou chaje " tou – pèmèt ou fè acha epi peye yo apre. Bank, magazen, ak ponp gazolin se kèk nan biznis ki ka ba w yon kat kredi. Chak mwa ou resevwa yon bil pa lapòs pou tout acha ou fè ak kat kredi w la. Si ou peye tout montan ki sou bil la lè w resevwa l, ou pa gen pou peye enterè. Si ou pa peye tout montan an oswa si ou voye peman an anreta, y ap chaje w enterè epitou petèt yon frè siplemantè. Gen de kat kredi ki gen to enterè ki wo anpil.

Fè atansyon lè w ap bay lòt moun nimewo kat kredi w, sitou lè w ap bay li pa telefòn oswa sou entènèt la. Asire w ou konnen epi ou fè moun oswa biznis ki mande w nimewo a konfyans.

TI KONSÈY : Tyeke bil kat kredi w la chak mwa pou asire w tout chaj yo kòrèk. Si ou wè yon chaj ou pa t fè, rele konpayi kat kredi a toutswit. Anjeneral ou pa gen pou peye pou chaj ou pa t fè yo si ou avize konpayi kat kredi a toutswit.

Ekri nimewo tout kont anbank yo, tout kat debi, ATM ak kat kredi ou genyen. Epitou ekri nimewo telefòn konpayi sa yo. Kenbe enfòmasyon sa a nan yon kote an sekirite. Si ou pèdi pòtfèy ou oswa yo vòlè li, ou ka rele konpayi yo epi anile tout kat ou yo. Sa va anpeche yon lòt moun itilize kat ou yo ilegalman.

EVALYASYON KREDI W

Ozetazini, fason ou jere kredi w enpòtan anpil. Gen òganizasyon ki kreye yon sistèm " pwen kredi " oswa " evalyasyon kredi " pou ou tou depan de jan ou peye bil ou yo, konbyen prè ou genyen sou non w, ak lòt faktè. Evalyasyon kredi sa a trèzenpòtan pou lè ou vle achte yon kay, yon machin, oswa fè yon prè. Men kèk bagay pou fè pou sa gen yon bon evalyasyon kredi :

- **Peye bil ou yo alè.**
- **Kenbe balans sou kat kredi w yo ba. Peye omwen minimòm montan ou dwe a chak mwa.**
- **Pa aplike pou plizyè prè oswa kat kredi.**

Dapre lalwa federal, ou ka resevwa yon rapò sou kredi ou yon fwa lan pou gratis. Si ou ta renmen resevwa yon kopi rapò sou evalyasyon kredi w, ou ka rele nan 1-877-322-8228 oswa ale nan sit entènèt http://www.annualcreditreport.com. Selon eta kote ou rete a, ou gen dwa paka resevwa kopi rapò a gratis jouk premye septanm 2005. Se lè sa a moun toupatou Ozetazini ka resevwa yon kopi rapò kredi a gratis.

Lè w ap chèche yon travay

Gen plizyè fason pou chèche yon travay Ozetazini. Pou sa gen plis chans jwenn yon travay, ou ka :

- Mande zanmi, vwazen, fanmi oswa lòt moun nan kominote w la enfòmasyon sou travay k ap chèche moun oswa bon kote pou travay.
- Gade nan seksyon "Classifieds" (" Anons ") ki nan paj "Employment" (" Travay ") nan jounal la.

- Chèche siy ki make "Help Wanted" (" Asistans nesesè ") ki sou vit bizniz lokal yo.
- Ale nan biwo Travay oswa biwo Resous Imèn biznis ki nan zòn ou an yo pou mande si y ap chèche moun pou travay.
- Vizite ajans kominotè ki ede imigran jwenn travay oswa ki ede yo jwenn pwogram fòmasyon travay.
- Gade sou tablo afich ki nan bibliyotèk, makèt, ak sant kominotè lokal yo pou avi sou travay k ap chèche moun.
- Tyeke ak depatman sèvis travay ki nan eta w la.
- Chèche travay sou Entènèt la. Si w ap itilize yon òdinatè nan bibliyotèk ou an, anpwlaye k ap travay nan bibliyotèk la ka ede w kòmanse pwosesis la.

Lè w ap aplike pou yon travay

Pifò travay ap mande w pou ranpli yon aplikasyon pou travay. Se yon fòm ki gen kesyon sou adrès, fòmasyon akademik, ak esperyans travay ou genyen. Yo gen dwa mande w tou pou enfòmasyon sou moun ou te travay ak yo anvan. Yo rele yo " referans ", epi travay la ka vle rele yo pou poze yo kèk kesyon sou oumenm.

Ou ka bezwen prepare yon " rezime " ki gen lis esperyans travay ou. Yon rezime fè travay ou konnen enfòmasyon sou ansyen travay ou te genyen, sou fòmasyon akademik ou oswa fòmasyon ou te resevwa, epi sou aptitid ou genyen nan travay. Ale ak rezime ou lè w ap fè aplikasyon pou travay.

Yon bon rezime :

- Gen non w, adrès ou ak nimewo telefòn ou.
- Gen yon lis ansyen travay ou ak dat ou te travay yo.
- Montre nivo fòmasyon akademik ou.
- Montre nenpòt aptitid espesyal ou genyen.
- Fasil pou li epi pa gen okenn erè.

Tyeke ak ajans sèvis kominotè lokal yo pou wè si yo ka ede w prepare yon rezime. Biznis prive ka ede ak sa tou, men yo chaje yon frè pou sa.

KISA BENEFIS YE ?

Anplis de salè w, gen de travay ki ofri " benefis " travay siplemantè. Benefis yo ka gen ladan yo :

- **Swen medikal.**
- **Swen dantè.**
- **Swen pou zye.**
- **Asirans vi.**
- **Plan retrèt.**

Travay yo ka peye enpe oswa tout frè benefis sa yo. Poze kesyon sou benefis travay la ap ofri yo.

Entèvyou pou travay la

Patwon yo ka vle rankontre avèk ou pou pale de travay la. Yo pral mande pou pale de ansyen travay ou te genyen epitou y ap poze w kèk kesyon sou aptitid ou genyen yo. Ou ka fè pratik reponn kesyon sou ansyen travay ou yo ak aptitid ou genyen yo ak yon zanmi oswa yon manm fanmi w, konsa wa pare pou entèvyou a. Ou ka poze patwon an kesyon tou. Se yon bon opòtinite pou gen enfòmasyon sou travay la.

SE POU KONNEN DWA W YO : LALWA FEDERAL PWOTEJE ANPLWAYE YO

Plizyè lwa federal entèdi pou patwon yo fè diskriminasyon kont moun k ap chèche yon travay. Etazini gen lwa ki entèdi diskriminasyon akòz :

- **Ras, koulè po, relijyon, peyi natif natal ak sèks (Lwa sou Dwa Sivil).**
- **Laj (Lwa sou Diskriminasyon Laj nan Travay [Age Discrimination in Employment Act]).**
- **Andikap (Lwa sou Ameriken ki gen Andikap [Americans with Disabilities Act]).**
- **Sèks (Lwa sou Salè Egal [Equal Pay Act]).**

Pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon sa yo, vizite sit entènèt Komisyon Opòtinite Egal nan Travay Ozetazini an (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) nan http://www.eeoc.gov oswa rele nan 1-800-669-4000 ak 1-800-669-6820 (pou moun ki gen pwoblèm tande).

Gen lòt lwa ki ede kenbe kote travay yo an sekirite, ofri jou konje an ka dijans familyal oswa ijans medikal, epi ki ofri fon (lajan) tanporè pou anplwaye ki pap travay yo. Vizite sit entènèt Depatman Travay Ozetazini (U.S. Department of Labor) nan : http://www.dol.gov pou plis enfòmasyon sou dwa travayè yo.

Li ta bon pou mande :

- Ki orè travay la ?
- Konbyen kòb travay la peye ? (Lalwa Etazini egzije pou pifò travay yo peye yon " salè minimòm ", ki se pi piti salè yo pèmèt.)
- Konbyen jou vakans ki genyen ?
- Konbyen jou konje maladi ki genyen ?
- Ki benefis ki gen nan travay la ?

Pandan entèvyou a, patwon an ka poze plizyè kesyon. Men gen de kesyon patwon yo pa gen dwa poze. Pèsòn pa gen dwa poze kesyon sou ras ou, koulè po w, sèks ou, eta sivil ou, relijyon w, peyi natif natal ou, laj ou oswa nenpòt andikap ou ta ka genyen.

PWOTEKSYON FEDERAL POU TRAVAYÈ IMIGRAN

Lalwa federal deklare anplwayè yo pa gen dwa fè diskriminasyon kont ou akòz estati w kòm imigran. Anplwayè yo pa kapab :

- **Refize ba w travay oswa revoke w, akòz estati ou kòm imigran oswa akòz ou pa yon sitwayen ameriken.**
- **Egzije ou pou montre yon Kat Rezidan Pèmànan, oswa rejte papye travay legal ou yo.**
- **Pito pran travayè ki pa gen dokiman legal.**
- **Fè diskriminasyon kont ou akòz orijin nasyonal ou (oswa peyi natif natal ou).**
- **Reyaji kont nenpòt anplwaye ki pote plent pou tretman ki mansyone anwo a.**

Pou plis enfòmasyon sou dwa w yo, oswa pou anrejistre yon plent, rele Biwo Konsèy Espesyal la (Office of Special Counsel) nan nimewo 1-800-255-7688 oswa 1-800-237-2515 (pou moun ki gen pwoblèm tande). Si ou pa pale anglè, gen entèprèt ki la pou ede w. Epitou ou ka vizite sit entènèt http://www.usdoj.gov/crt/osc pou plis enfòmasyon.

Men a ki sa pou atann ou lè yo ba w travay la

Lè w ale nan yon nouvo travay la pou premye fwa, yo pral mande w ranpli kèk fòm. Tankou :

- Fòm I-9, Fòm Verifikasyon Elijiblite pou Travay. Dapre lalwa, se pou travay la tyeke pou wè si tout nouvo anplwaye yo elijib pou travay Ozetazini. W ap gen pou ranpli fòm I-9 lan premye jou travay ou. Ou gen 3 jou ouvrab pou montre travay la dokiman idantite w yo ak dokiman otorizasyon travay ou yo. Ou ka chwazi ki dokiman pou montre kòm prèv otorizasyon pou w travay Ozetazini, depi dokiman sa a sou lis ki nan fòm I-9 lan. Lis dokiman ki akseptab yo nan do fòm I-9 lan. Kat Rezidan Pèmànan oswa yon kat Sekirite Sosyal ki pa gen restriksyon sou li ak tout yon lisans chofè yon eta bay, se egzanp dokiman ki akseptab.
- Fòm W-4, Sètifika Retansyon sou Salè Anplwaye (Employee's Withholding Allowance Certificate). Anplwayè ou dwe pran taks federal sou chèk salè w pou voye l bay gouvènman an. Yo rele sa " retni taks alasous ". Fòm W-4 di anplwayè w la pou li retni taks alasous epi li ede l kalkile montan egzak pou li retni an.
- Lòt fòm yo. Li posib w ap gen pou ranpli yon fòm pou retni taks alasous tou pou eta kote w rete a epitou pou ranpli fòm pou sa resevwa benefis.

Ou ka touche chak semenn, chak de (2) semenn oswa yon fwa pa mwa. Chèk ou ap montre montan yo retni pou taks federal ak taks leta, taks Sekirite Sosyal ak nenpòt benefis anplwa ou peye. Gen de travay k ap voye peman w lan dirèkteman nan bank ou, sa rele " depo dirèk ".

Pale anglè nan travay la

Si ou pa pale anglè, eseye aprann pale l lepli vit posib. Ou ka jwenn klas anglè gratis oswa ki pa koute chè nan kominote w la, pi souvan atravè lekòl piblik lokal oswa enstitisyon ansèyman siperyè nan kominote a. Lè w konn pale anglè, sa ede w nan travay ou, nan kominote w ak nan aktivite jounalye w. Gade nan paj 40 lan pou plis enfòmasyon sou fason pou aprann pale anglè.

Si patwon ou di ou oblije pale anglè nan travay la, se pou li pwouve pale anglè nesesè pou ou ka fè travay ou kòrèkteman. Se pou patwon an avize w anvan yo ba w travay la pou fè w konnen pale anglè se yon bagay ki obligatwa. Si patwon an pa ka montre pale anglè obligatwa pou fè travay ou, li ka ap vyole yon lwa federal. Si ou bezwen asistans oswa plis enfòmasyon, ou ka kontakte Komisyon Opòtinite Egal nan Travay Ozetazini an [U.S. Equal Employment Opportunity Commission (EEOC)] (rele 1-800-669-4000 oswa 1-800-669-6820 (pou moun ki gen pwoblèm tande) oswa ale sou sit entènèt la nan http://www.eeoc.gov).

Tès pou dwòg ak verifikasyon sou antesedan ou

Gen de travay ki ka egzije w pou fè yon analiz pou asire ou pap itilize dwòg ilegal. Gen de travay ki egzije ou fè yon verifikasyon sou antesedan ou, yon envestigasyon sou ansyen aktivite ak sikonstans aktyèl ou yo.

Lè pou peye taks

Taks se lajan sitwayen ameriken ak rezidan Etazini peye bay gouvènman federal, leta ak lokal yo. Yo sèvi ak lajan taks pou peye pou sèvis gouvènman an ofri. Gen diferan kalite taks, tankou taks sou revni, taks sou acha, ak taks sou pwopriyete oswa enpo lokatif.

Taks sou revni. Taks sou revni se peman ki ale nan gouvènman federal, pifò nan gouvènman leta yo ak kèk gouvènman lokal. “ Revni taksab ” se lajan ou resevwa de salè w, de salè kòm travayè endepandan, poubwa, ak vant pwopriyete. Pifò moun peye taks sou revni lè yo retni lajan sou chèk salè yo. Montan taks sou revni pou peye depann de konbyen kòb ou touche. To taks sou revni yo pi ba pou moun ki touche mwens lajan. Nenpòt moun ki touche salè, ki abite Ozetazini, epi ki satisfè sèten kondisyon dwe ranpli yon fòm deklarasyon revni epi peye tout taks yo dwe.

Sèvis Revni Entèn [Internal Revenue Service (IRS)] se ajans federal ki kolekte taks sou revni yo. Kontribyab yo ranpli yon Fòm 1040 “ deklarasyon revni ” federal ak IRS chak ane. Deklarasyon revni w avize gouvènman an konbyen kòb ou touche ak konbyen kòb taks yo te retire sou chèk ou. Si yo te retire twòp lajan taks sou chèk ou, w ap resevwa yon ranbousman. Si yo pa t retire ase lajan taks sou chèk ou, se pou voye yon peman bay IRS.

Taks sou Sekirite Sosyal ak Medicare. Yo retni taks federal sa yo sou chèk ou. Sekirite Sosyal ofri benefis bay kèk anplwaye ki nan retrèt ak fanmi yo, kèk anplwaye ki gen andikap ak fanmi yo, ak kèk manm fanmi anplwaye ki mouri. Taks Medicare peye pou sèvis medikal pou pifò moun ki gen plis pase 65 an daj.

FÒM W-2 W LA : DEKLARASYON SALÈ AK TAKS



Yon W-2 se yon fòm federal ki gen lis salè w ak taks ou peye pou dènye ane fiskal la. Ane fiskal la kòmanse le 1ye janvye epi li fini le 31 desanmn nan menm ane a. Dapre lalwa, travay ou gen jouk 31 janvye chak ane pou li voye fòm W-2 w la. Ou pral resevwa yon fòm W-2 pou chak travay ou genyen. Se pou voye yon kopi fòm W-2 a ak deklarasyon revni federal ou bay IRS. Si ou abite oswa w ap travay nan yon eta ki kolekte taks sou revni, se pou voye yon kopi W-2 w la ak deklarasyon revni leta w la.

Nan majorite ka yo, se pou travay pandan yon total 10 an (oswa 40 trimès) pandan peryòd vi w pou sa resevwa benefis Sekirite Sosyal ak benefis Medicare. Ou ka bezwen mwens pase 10 an travay pou sa resevwa benefis pou enkapasite oswa pou fanmi w resevwa benefis sivivan ki baze sou salè w.

Taks sou acha. Taks sou acha se taks leta ak lokal. Taks sa yo ajoute sou frè acha sèten bagay. Taks sou acha baze sou pri machandiz la. Yo sèvi ak taks sou acha pou ede peye pou sèvis gouvènman leta ak lokal yo ofri, tankou wout, sèvis lapolis ak sèvis ponpye.

Taks sou pwopriyete. Sa yo se taks leta ak lokal sou kay ak tèren w. Nan majorite kote yo, taks sou pwopriyete ede sipòte lekòl piblik lokal yo ak lòt sèvis.

Lè pou jwenn asistans pou okipe zafè taks ou

Antanke yon rezidan pèmànan, ou oblije ranpli yon deklarasyon revni federal chak ane. Deklarasyon sa a kouvri salè ou pou janvye jouk rive desanm ane ki sot pase a. Se pou ranpli deklarasyon sa a anvan 15 avril. Ou ka resevwa asistans gratis ak deklarasyon revni w nan Sant Asistans pou Kontribyab IRS la (IRS Taxpayer Assistance Center). Li pa nesesè pou rele anvan w ale. Sant Asistans pou Kontribyab yo sitiye nan kominote atravè peyi Etazini. Pou jwenn Sant Asistans pou Kontribyab ki bò kote w rete a, vizite http://www.irs.gov/localcontacts/index.html. Pou resevwa asistans nan telefòn, rele IRS nan nimewo 1-800-829-1040.

MEN KOUMAN GOUVÈNMAN AN TRAVAY POU NOU

Taks yo peye pou sèvis gouvènman federal la ofri moun ki abite Ozetazini. Men kèk egzanp sèvis sa yo :

- **Kenbe peyi nou an sekirite epi san danje.**
- **Geri epi anpeche maladi atravè rechèch.**
- **Pwoteje lajan nou ki nan bank lè l ofri asirans pou yo.**
- **Fè edikasyon timoun ak granmoun.**
- **Konstwi ak antretni wout ak otowout nou yo.**
- **Ofri sèvis medikal pou moun ki pòv ak moun aje.**
- **Bay asistans dijans lè gen katastwòf natirèl, tankou siklòn, inondasyon, oswa tranblemanntè.**

Lè w ap vwayaje Ozetazini

Gen plizyè fason pou vwayaje Ozetazini. Plizyè vil gen otobis, tren, (ki rele " metwo " tou), tramwe, oswa machin sou chemennfè. Nenpòt moun ka monte nan veyikil sa yo pou yon frè rezonab. Nan sèten kote, ou ka achte yon kat ki valab pou fè plizyè vwayaj nan metwo oswa nan otobis. Ou ka peye pou chak vwayaj separemen tou. Taksikab oswa " taksi " se machin ki mennen w kote w vle ale pou yon pri. Taksi pi chè pase lòt kalite transpò piblik.

ÈSKE SE POU M ACHTE YON MACHIN ?

Posede yon machin se ka yon fason pratik pou sikile. Ozetazini, se pou peye tou pou asirans machin, anrejistreman machin ou, ak lisans yo. Bon jan trafik ka fè kondui nan sèten vil trè difisil. Anvan ou deside achte yon machin, se pou reflechi sou tout pri ak avantaj ki genyen.

Lè pou jwenn yon lisans chofè

Li kont lalwa pou kondui san yon lisans chofè. Se pou aplike epi pran yon lisans chofè si ou vle kondui. Se nan eta kote ou abite a pou pran lisans chofè w la.

Tyeke ak biwo leta ki bay lisans chofè yo pou konnen ki jan pou jwenn youn. Biwo sa yo gen non diferan nan chak eta. Kèk nan non komen yo se Department of Motor Vehicles (Depatman Veyikil ak Motè), Department of Transportation (Depatman Transpò), Motor Vehicle Administration (Administrasyon Veyikil ak Motè), oswa Department of Public Safety (Depatman Sekirite Piblik). Ou ka jwenn biwo sa yo nan paj ble nan anyè telefòn lan oswa pran plis enfòmasyon nan sit entènèt http://www.firstgov.gov/Topics/Motor_Vehicles.shtml.

Gen kèk rezidan pèmànan ki deja genyen yon lisans chofè ki soti nan yon lòt peyi. Ou ka anmezi pou echanje lisans sa a pou yon lisans nan eta w la. Tyeke ak biwo leta w la pou konnen si ou ka fè sa.

10 KONSÈY POU KONDUI AK PRIDANS OZETAZINI

- **Kondui sou bò dwat wout la.**
- **Toujou mache ak lisans chofè w epi kat asirans ou.**
- **Toujou mete senti sekirite w.**
- **Itilize senti sekirite apwopriye ak syèj sekirite timoun ki fèt pou machin.**
- **Toujou mete siyal ou pou montre si w ap vire agòch oswa adwat.**
- **Obeyi tout lwa ak pano siyalizasyon sikilasyon yo.**
- **Si yon veyikil dijans – machin lapolis, kamyon ponpye, oswa anbilans – bezwen double w, mete w sou kote wout la.**
- **Pa double yon otobis lekòl si limyè wouj li yo ap flache.**
- **Piga kondui si ou sot bwè alkòl oswa ou sot pran dwòg.**
- **Fè atansyon lè w ap kondui nan bwouya, glas, lapli, oswa nèj.**

TI KONSÈY : Yon lisans chofè sèvi kòm idantifikasyon Ozetazini. Se yon bon lide pou gen youn menmsi ou pa gen yon machin.

Si ou pa konn kondui, ou ka pran leson pou aprann kondui. Plizyè distri lekòl piblik ofri klas sou " edikasyon chofè ". Ou ka gade tou nan paj jòn nan anyè telefòn lan nan seksyon "Driving Instruction" (" Enstriksyon sou Kondui ").

TI KONSÈY : Fè otostòp se pa yon bagay ki komen Ozetazini. Nan sèten kote, li ilegal. Pou rezon sekirite, piga fè otostòp epi piga bay moun ki fè otostòp woulib non plis.

ENFÒMASYON SOU VWAYAJ

Pou vwayaj nan otobis : Greyhound 1-800-229-9424 oswa http://www.greyhound.com.

Pou vwayaj nan tren : Amtrak 1-800-872-7245 oswa http://www.amtrak.com.

Pou vwayaj nan avyon : Gen plizyè liy ayeryèn Ozetazini. Gade nan paj jòn nan anyè telefòn ou nan seksyon "Airlines" (" Liy ayeryè ").

Lè w ap pran swen sante w

Moun Ozetazini peye pou pwòp swen medikal yo. Swen medikal chè, kidonk anpil moun achte asirans maladi. Ou ta dwe pran asirans maladi pou tèt ou ak pou fanmi w lepli vit posib.

Anplwayè yo ka ofri asirans maladi kòm yon benefis pou anplwaye yo. Gen de anplwayè ki peye pou tout frè mansyèl asirans maladi ou, epi genyen ladan yo ki peye yon pati nan frè yo sèlman. Frè mansyèl la rele yon " prim ". Ou ka gen pou peye yon pati nan prim nan. Anjeneral, anplwayè yo dedui pati prim anplwaye a sou chèk li.

POU JWENN YON KLINIK OSWA LÒT SWEN LASANTE KI PA CHÈ

Klinik se biwo medikal ki ofri sèvis gratis oswa sèvis ki pa chè. Pifò kominote yo gen omwen yon klinik. Òganizasyon kominotè ki travay ak imigran yo ka gen enfòmasyon sou klinik ki pa koute chè oswa ki gratis ki genyen nan zòn kote w rete a.

Depatman Sante ak Sèvis Imen Ozetazini (U.S. Department of Health and Human Services) ofri swen lasante bay imigran yo tou. Yo gen yon sit entènèt ki bay lis klinik ak lòt chwa sou swen lasante yo. Pou jwenn yon klinik oswa yon doktè ki tou pre w, vizite http://ask.hrsa.gov/pc/. Tape eta kote w rete a oswa kòd postal ou pou jwenn enfòmasyon an. Ou ka gade nan paj jòn yo tou nan seksyon "Social Services" (" Sèvis Sosyal ").

Doktè yo voye bòdwo yo bay konpayi asirans maladi w la. Konpayi asirans maladi w la ap peye pou enpe oswa pou tout sèvis medikal ou yo. Souvan se pou peye yon pòsyon nan bòdwo medikal ou yo. Pafwa, yo rele sa yon " ko-peman ".

Si ou pa gen asirans maladi, ou ka anmezi pou resevwa asistans federal oswa leta pou swen lasante. Anjeneral, pifò eta yo ofri yon fòm asistans pou timoun ak fanm ki ansent. Tyeke ak depatman biwo lasante nan leta oswa vil ou a.

Si ou bezwen swen medikal ijan, ou ka ale nan saldijans nan lopital ki pi pre w la. Pifò lopital yo oblije, dapre lalwa federal, trete pasyan ki gen yon ijans medikal menmsi moun nan pa ka peye.

Pwogram lasante federal ak leta

Medicaid se yon pwogram federal konbinen ak leta pou moun ki pa touche anpil lajan. Chak eta gen pwòp direktiv sou Medicaid. Medicaid peye pou sèvis medikal, tankou vizit kay doktè ak ospitalizasyon. Rezidan pèmànan ki rantre Ozetazini anvan 22 out 1996 ka elijib pou resevwa Medicaid si yo ranpli sèten kondisyon. Rezidan pèmànan ki rantre Ozetazini le 22 out 1996 oswa apre, ka elijib pou resevwa Medicaid si yo te abite Ozetazini pou yon peryòd 5 an oswa plis epitou si yo ranpli sèten kondisyon.

Medicare se yon pwogram asirans pou moun ki gen 65 an daj oswa ki pi gran oubyen moun ki gen andikap espesifik. Medicare peye pou sèvis si ou malad oswa blese, men li pa peye pou swen woutin (tankou tyèkòp kay doktè w), swen dantè oswa swen pou zye. Medicare pèmèt itilizasyon kat rabè medikaman pou moun ki enskri nan Medicare. Kat sa yo ka ede w ekonomize lajan lè w ap achte medikaman sou preskripsyon. Si ou elijib pou Medicare, ou ka anmezi pou resevwa youn nan kat rabè sa yo.

ENFÒMASYON SIPLEMANTÈ SOU MEDICAID AK MEDICARE

Kontakte Administrasyon Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213 oswa Sant Medicare yo ak Sèvis Medicaid sou sit entènèt http://www.cms.hhs.gov.

Medicare gen de (2) pati, Pati A ak Pati B. Pati A gratis epi li peye pou swen lopital ak mezon retrèt Medicare sètifye. Pati B peye pou vizit kay doktè, anbilans, egzamen, ak swen pou pasyan ki pa entène lopital. Pou Pati B, ou peye yon frè mansyèl.

Rezidan pèmànan ka resevwa Medicare Pati A ak Pati B si yo ranpli sèten kondisyon. Moun ki gen 65 an daj oswa ki pi gran otomatikman nan pwogram Medicare la lè yo kòmanse resevwa benefis retrèt Sekirite Sosyal. Si ou poko gen 65 an daj men ou elijib pou lòt rezon, rele biwo Sekirite Sosyal ki pi pre w la pou enfòmasyon sou ki jan pou enskri. Anjeneral, se pou te travay Ozetazini pou 10 an (oswa 40 trimès) pandan tout vi w pou ka resevwa benefis Medicare.

Pwogram Leta pou Asirans Maladi pou Timoun [State Children's Health Insurance Program (SCHIP)]

Pitit ou yo ka anmezi pou yo resevwa swen lasante gratis oswa ki pa chè ditou si yo ranpli sèten kondisyon. Chak eta gen yon pwogram asirans maladi pou timoun ki anbazaj, timoun ak adolesan. Asirans lan peye pou vizit kay doktè, medikaman sou preskripsyon, swen lopital, ak lòt sèvis pou swen lasante. Nan majorite eta yo, timoun ki gen 18 an daj ak sa yo ki pi jenn, ki pa gen asirans medikal ka elijib si fanmi yo ranpli kondisyon ki egzije yon sèten limit nan revni yo. Timoun yo ka resevwa swen medikal gratis oswa ki pa chè ditou san sa pa afekte estati imigrasyon paran yo.

ENFÒMASYON SIPLEMANTÈ SOU PWOGRAM SCHIP LAN

Chak eta gen pwòp règ li sou SCHIP. Se pou chèche pran enfòmasyon sou pwogram ki nan eta w la. Pou enfòmasyon sou SCHIP nan eta w la, rele 1-877-543-7669 oswa vizite http://www.insurekidsnow.gov epi mete non eta w la.

Lòt pwogram pou benefis federal

Oumenm oswa manm nan fanmi w ka elijib pou lòt benefis federal, tou depan de estati w kòm imigran, kantite tan ou gen Ozetazini, ak kantite lajan ou fè.

Pwogram Koupon Alimantè (Food stamp)

Gen kèk imigran ki pa touche anpil lajan ak timoun imigran ki ka elijib pou resevwa asistans pou koupon alimantè, tou depan de estati yo kòm imigran, kantite tan yo gen Ozetazini, ak kantite lajan yo fè. Koupon alimantè yo pèmèt ou jwenn kèk manje nan makèt gratis. Gen kèk eta ki ka gen pwòp pwogram pou koupon alimantè leta yo finanse ak règ diferan pou elijiblite. Pou enfòmasyon, nan 34 diferan lang, sou elijiblite federal koupon alimantè, vizite sit entènèt Sèvis Alimantasyon ak Nitrisyon nan Etazini (U.S. Food and Nutrition Service) nan http://www.fns.usda.gov/fsp/outreach/translations.htm.

Sèvis pou sivivan vyolans familyal

Imigran ak pitit yo ki se sivivan vyolans familyal ka elijib pou resevwa sèvis ak benefis federal, tankou mezon dabri pou fanm yo abize oswa koupon alimantè. Pou plis enfòmasyon sou sèvis sa yo vizite sit entènèt Depatman Sante ak Sèvis Imen Ozetazini (U.S. Department of Health and Human Services) nan http://www.hhs.gov/ocr/immigration/bifsltr.html.

Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen [Temporary Assistance for Needy Families (TANF)]

Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen se yon pwogram federal ki bay leta yo lajan pou ofri asistans ak opòtinite travay bay fanmi ki pa touche anpil lajan. Imigran yo ka elijib, tou depan de estati yo kòm imigran, kantite tan yon genyen Ozetazini, ak kantite lajan yo fè. Pwogram yo diferan selon eta yo epi gen eta ki gen pwòp pwogram asistans eta a finanse. Pou lyen ak enfòmasyon sou TANF, vizite http://www.acf.dhhs.gov/programs/ofa/.

Asistans pou Imigran ki Andikape

Imigran ki gen andikap ka elijib pou resevwa Medicaid, koupon alimantè, ak Revni Sekirite Siplemantè, tou depan de estati yo kòm imigran, kantite tan yo gen Ozetazini, ak kantite lajan yo fè. Pou plis enfòmasyon sou koupon alimantè, ale nan paj 30. Pou enfòmasyon sou Revni Sekirite Siplemantè, ale nan http://www.ssa.gov/notices/supplemental-security-income/spotlights/spot-non-citizens.htm.

Sant Karyè Santralize (One-Stop Career Centers)

Gouvènman federal finanse sant karyè ki ofri rekòmandasyon pou fòmasyon, sèvis pou konsèy sou karyè, anons pou travay, ak lòt sèvis anplwa. Klas Anglè kòm yon Dezyèm Lang [English as a Second Language (ESL)] ak fòmasyon sou teknik travay se sèvis sèten sant ofri imigran yo tou, tou depan de estati yo kòm imigran ak kantite lajan yo fè. Pou enfòmasyon sou Sant Karyè Santralize (One-Stop Career Centers) atravè Etazini, vizite sit entènèt la nan http://www.doleta.gov/usworkforce/onestop/onestopmap.cfm.

TI KONSÈY : Ou ka vizite sit entènèt nan http://www.govbenefits.gov pou jwenn enfòmasyon sou sèvis ki ka disponib pou ou.

Edikasyon ak Swen Timoun

Edikasyon ka ede konekte oumenm ak fanmi ou ansanm ak kominote w lan. Seksyon sa a dekri lekòl Ozetazini pou timoun, pou jèn yo, ak pou granmoun epi li reponn kesyon ou ka genyen sou yo. Epitou li ofri sijesyon pou jwenn bon gadri pou timoun, si ou genyen timoun piti lakay ou epi ou bezwen al travay.

Edikasyon

Pou asire tout timoun prepare pou yo reyisi, peyi Etazini ofri edikasyon piblik gratis. Seksyon sa a di w ki jan pou enskri pitit ou nan lekòl. Ou pral aprann ki jan lekòl ameriken yo fonksyone epi ki jan pou ede timoun ou yo aprann.

Lè w ap enskri pitit ou nan lekòl

Pifò lekòl Ozetazini se lekòl miks. Lekòl miks vle di fi ak gason ale nan menm klas. Peyi Etazini genyen lwa prezans ki di li obligatwa pou timoun al lekòl. Sa vle di lwa eta yo oblije tout timoun laj 5 an rive 16 an ale lekòl nan prèske tout eta yo. Tyeke ak Depatman Edikasyon eta w la pou w konnen laj yo oblije timoun ale lekòl nan eta w la.

Ou ka voye pitit ou nan yon lekòl piblik oswa prive. Nan pifò eta yo, paran yo anseye pitit yo lakay yo tou. Yo rele sa " lekòl adomisil " ("home schooling"). Lekòl piblik yo gratis epi yo pa ofri ansèyman relijye. Se eta a ki etabli sa pitit ou dwe aprann nan lekòl piblik. Sepandan, pwofesè ak paran lokal yo deside ki jan yo anseye timoun yo. Se ak taks revni federal ak eta a ansanm ak taks lokal sou pwopriyete yo sèvi pou peye pou lekòl sa yo.

Elèv yo peye yon frè [yo rele " ekolaj " ("tuition")] pou yo ale nan lekòl prive. Gwoup relijye dirije anpil nan lekòl prive yo. Genyen ladan yo ki miks. Genyen ki pou gason sèlman oswa sèlman pou fi. Genyen ki ofri èd finansyè pou elèv ki paka peye ekolaj la.

Pifò timoun ameriken ale lekòl pandan 12 an. Yo pral mete pitit ou yon nan yon klas (yo rele "grade") baze sou laj yo epi ki kantite edikasyon yo te deja resevwa. Pafwa yon lekòl ka bay pitit ou a yon egzamen pou deside nan ki klas li dwe ale.

Youn nan premye bagay ou dwe fè se enskri pitit ou lekòl. Kèk kesyon paran mande souvan sou lekòl piblik yo se :

K : Konbyen tan ane eskolè a dire ?

R : Ane eskolè a dabitid kòmanse nan mwa dout oswa septanm epi fini nan mwad me oswa jen. Nan kèk kote, timoun yo ale lekòl tout ane a. Timoun yo ale lekòl lendi pou rive vandredi. Kèk lekòl ofri pwogram anvan oswa apre lè lekòl nòmal pou timoun ki gen paran k ap travay. Yo ka fè w peye yon frè pou pwogram sa yo.

K : Ki kote pou mwen enskri pitit mwen ?

R : Rele oswa ale nan biwo prensipal distri lekòl lokalite w la pou w konnen nan ki lekòl pitit ou dwe ale. Di pèsonèl lekòl la laj pitit ou a epi adrès kote ou rete.

K : **Ki dokiman mwen bezwen pou m ka enskri pitit mwen ?**

R : Ou bezwen dosye medikal pitit ou a epi prèv li te resevwa sèten iminizasyon [yo rele yo tou " vaksen " ("shots")] pou pwoteje yo kont maladi. Epitou ou ka bezwen prèv ou abite nan menm kominote ak lekòl la. Si ou pèdi dokiman sa yo, mande pèsonèl lekòl la ki jan pou jwenn nouvo dokiman. Pou evite reta, fè sa anvan ou eseye enskri pitit ou a.

FASON YO ÒGANIZE PIFÒ LEKÒL OZETAZINI

Lekòl Elemantè
oswa Primè
Jadendanfan ak
Klas 1ye ane pou rive nan
5yèm ane
Timoun laj 5 an a 10 an

Lekòl Jinyò oswa Mwayen
Klas 6yèm ane pou rive
nan 8yèm ane
Jèn laj 11 an a 13 an

Lekòl Segondè oswa Lise
Klas 9yèm ane pou rive
nan 12yèm ane
Adolesan laj 14 an a 18 an

Edikasyon apre lekòl
segondè oswa Edikasyon
Siperyè,
Piblik ak Prive
Kolèj Kominote,
Kolèj oswa Inivèsite, Lekòl
pwofesyonèl 2 ane
oswa 4 ane
Tout granmoun ka ale

K : **Ki sa pou mwen fè si pitit mwen pa pale anglè ?**

R : Se responsablite lekòl la pou li teste epi mete pitit ou nan pwogram ki bon pou li. Lekòl yo resevwa lajan eta ak lajan federal pou pwogram ak sèvis tankou kou anglè kòm dezyèm lang [English as a Second Language (ESL)] ansanm ak edikasyon bileng (nan de lang). Ou ka rele lekòl pitit ou a pou mande enfòmasyon sou egzamen, plasman, ak sèvis yo. Menm si pitit ou pa pale anglè, li bezwen aprann matyè akademik pou nivo klas li a. Sa ka fèt apatide ESL oswa edikasyon bileng lan.

K : **Ki sa pou mwen fè si pitit mwen andikape ?**

R : Elèv ki gen andikap fizik oswa mantal ka resevwa yon edikasyon piblik gratis, menm jan ak yon timoun ki pa andikape. Yo pral kanmenm mete pitit ou a nan yon sal klas nòmal, si sa posib. Si andikap pitit ou a grav anpil, yo ka ba li sèvis edikasyon espesyal andeyò sal klas nòmal la.

K : **Pitit mwen an pa t lekòl anvan li te rantre Ozetazini. Konbyen tan li ka ale nan lekòl piblik gratis ?**

R : Pitit ou a ka ale lekòl gratis jouklè li rive laj 21 an nan pifò eta yo. Si pitit ou a pa gradye lekòl segondè anvan sa, li ka enskri nan klas edikasyon granmoun pou resevwa yon sètifika Devlopman Edikasyon Jeneral [General Educational Development (GED)] olye de yon diplòm lekòl segondè. Rele biwo distri lekòl lokalite w la oswa Depatman Edikasyon eta w la pou chèche konnen ki kote yo bay klas GED.

K : **Ki jan pitit mwen an pral fè pou l al lekòl ?**

R : Pafwa Ozetazini timoun yo konn mache ale lekòl. Si lekòl la twò lwen, yo pral pran yon bis. Lekòl piblik yo genyen bis, ki gratis. Yo vin chèche epi depoze elèv yo nan arè bis la toupre lakay ou. Pou konnen si pitit ou ka monte bis la, kontakte sistèm lekòl lokal ou a. Si ou genyen yon machin, ou ka planifye yon pwogram " woulib " ("car pool") ansanm ak lòt paran ki nan zòn ou an pou pataje responsablite kondui pitit ou yo lekòl.

K : **Ki sa pitit mwen pral manje nan lekòl la ?**

R : Timoun yo ka pote dejene yo lekòl la oswa achte li nan kafeterya lekòl la. Epitou gouvènman peyi Etazini an bay ti dejene ak dejene gratis oswa a pri ki ba ki bon pou sante timoun ki pa gen posiblite pou achte manje nan lekòl la. Rele oswa ale nan lekòl pitit ou a pou chèche konnen si lekòl la patisipe nan pwogram federal manje nan lekòl (federal School Meals program) la. Pale ansanm ak pèsonèl lekòl la pou chèche konnen si pitit ou yo kalifye pou patisipe nan pwogram sa a.

PWOGRAM FEDERAL MANJE NAN LEKÒL

Timoun aprann pi byen lè yo byen nouri. Pou amelyore aprantisaj, gouvènman peyi Etazini an bay manje ki bon pou sante ki bon mache oswa ki gratis pou plis pas 26 milyon timoun chak jou ki gen lekòl. Patisipasyon nan Pwogram Manje Lematen nan Lekòl (School Breakfast Program) ak Pwogram Nasyonal Manje Midi nan Lekòl (National School Lunch Program) baze sou kantite lajan fanmi an touche ak kantite moun ki nan fanmi an. Pwogram Espesyal Lèt (Special Milk Program) la bay timoun ki pa pastisipe nan lòt pwogram federal manje nan lekòl yo lèt pou bwè. Pou plis enfòmasyon sou pwogram sa yo, ale sou sit entènèt Depatman Agrikilti Ozetazini an nan http://www.fns.usda.gov/cnd/.

K : **Kiyès ki peye pou liv ak aktivite lekòl yo ?**

R : Lekòl piblik yo dabitid bay liv gratis. Elèv yo dabitid oblije achete pwòp founiti eskolè yo, tankou papye ak kreyon. Si ou paka peye pou founiti sa yo, kontakte lekòl pitit ou a. Kèk lekòl ka fè w peye yon ti frè pou founiti yo oswa aktivite espesyal yo, tankou sòti rekreyatif lekòl la òganize. Anpil lekòl ofri pwogram espò ak mizik apre lekòl. Ou ka bezwen peye yon frè pou pitit ou patisipe nan kèk pwogram sa yo.

K : **Ki sa pitit mwen an pral aprann ?**

R : Chak eta etabli yon estanda akademik pou lekòl yo. Estanda sa yo dekri ki sa tout elèv yo dwe konnen epi dwe kapab fè. Distri lekòl lokal yo deside ki jan yo dwe anseye enfòmasyon sa yo. Pifò lekòl anseye anglè, matematik, etid sosyal, syans, ak edikasyon fizik. Pafwa yo ofri kou atizay, mizik, ak lang etranje.

K : Ki jan yo evalye travay pitit mwen an ?

R : Pwofesè yo bay nòt selon travay pitit ou a fè pandan ane eskolè a. Nòt yo dabitid baze sou devwa, egzamen, prezans ak konpòtman nan klas. Ou pral resevwa yon " kanè " ("report card") plizyè fwa nan yon ane. Kanè rapò sa a di ou kouman pitit ou ap travay nan chak sijè. Lekòl yo gen diferan fason pou bay elèv yo nòt. Gen kèk ki sèvi ak nòt lèt ki gen A oswa A+ pou travay ekselan ak D oswa F pou travay medyòk oswa si yo pa pase. Gen lòt lekòl ki itilize nòt an chif. Gen lòt ki mete rezime pèfòmans pitit ou yo ak mo tankou " ekselan ", " bon ", oswa " bezwen amelyore ". Mande pèsonèl lekòl la kouman yo bay elèv yo nan lekòl yo nòt.

K : Kouman mwen ka pale ak pwofesè pitit mwen an ?

R : Pifò lekòl yo gen konferans ak paran yo regilyèman pou ka rankontre ak pwofesè pitit ou a. Ou ka toujou pran randevou pou yon reyinyon pou pale ak pwofesè yo oswa administratè lekòl yo pou pale sou kouman pitit ou a ap travay lekòl. Si w pa pale anglè, mande si gen yon moun nan lekòl la ki pale lang ou a epi ki ka ede entèprete pou ou.

K : E si pitit mwen ta manke jou lekòl ?

R : Li enpòtan pou timoun yo ale lekòl. Paran yo dwe ekri yon lèt bay pwofesè a oswa rele lekòl la pou eksplike pou ki sa pitit yo a pa ale lekòl. Fè pwofesè a konnen davans si pitit ou a pap vini lekòl. Elèv yo dwe dabitid fè travay yo mande a lè yo te absan lekòl la.

KI SA OU KA FÈ

Pifò lekòl piblik ak prive yo gen Asosyasyon Paran Pwofesè [Parent Teacher Association (PTA)] oswa Òganizasyon Pwofesè Paran [Parent Teacher Organization (PTO)]. Gwoup sa yo ede paran yo jwenn enfòmasyon sou sa k ap pase nan lekòl pitit yo ak kouman yo ka patisipe nan aktivite lekòl yo. Nenpòt ki moun ka ale, menm granparan yo. PTA/PTO yo sipòte lekòl tou, yo patwone aktivite espesyal yo epi yo bay volontè pou ede nan sal klas yo. Ou ka patisipe menmsi ou pa pale anpil anglè. Anpil lekòl gen enfòmasyon espesik pou paran ki pa konn anpil anglè. Rele oswa ale nan biwo lekòl ou a pou konnen ki lè PTA/PTO lekòl pitit ou rankontre epi ki jan pou patisipe.

K : E si pitit mwen an ta koze yon pwoblèm ?

R : Anpil lekòl yo gen yon lis règleman elèv yo dwe swiv. Yo rele yo " Kòd Konduit ". Mande lekòl pitit ou a sou kòd konduit li a. Elèv ki pa suiv règleman lekòl yo ka resevwa pinisyon ki oblije yo rete apre lekòl lage. Oswa yo ka pa pèmèt yo patisipe nan espò oswa aktivite lòt lekòl. Yo PA pèmèt pinisyon kòporèl nan pifò lekòl Ozetazini.

Yo ka mete timoun yo deyò lekòl pou yon ti tan oswa mete yo deyò nèt lekòl la si yo aji mal epi yo pa suiv règleman lekòl yo souvan. Pitit ou a pap ka ale lekòl ankò si yo mete li deyò. W ap oblije rankontre ak pèsonèl lekòl la pou konnen kouman pou pitit ou a retounen nan lekòl lan.

K : Èske pitit mwen an an sekirite lekòl la ?

R : Pifò lekòl piblik ameriken yo se yon kote san danje pou aprann. Men gen kèk lekòl – plisouvan lekòl segondè – ki gen pwoblèm ak vyolans, gang nan lari, oswa dwòg ak alkòl. Pale ak yon pwofesè, konseye lekòl, oswa administratè si w gen enkyetid sou sekirite pitit ou.

Edikasyon Siperyè : Kolèj ak Inivèsite

Jenn moun ka kontinye edikasyon yo nan yon kolèj kominotè 2 an oswa kolèj teknik oswa yon kolèj 4 an oswa inivèsite apre lekòl segondè. Yo rele " enstitisyon post-segondè " oswa enstitisyon edikasyon siperyè. Gen enstitisyon edikasyon siperyè ki piblik ak prive.

Kolèj piblik ak inivèsite yo koute mwens pase sa ki prive yo, espesyalman pou rezidan eta a kote kolèj oswa inivite a ye. Jenn moun ka chwazi tou pou ale lekòl pou aprann yon travay espesifik, tankou repare òdinatè oswa vin yon asistan swen sante.

Elèv ki nan edikasyon avanse chwazi yon sijè espesifik pou etidye plis afon (sijè sa a rele " sijè konsantrasyon "). Lè yo chwazi yon sijè konsantrasyon sa ede prepare yo pou travay oswa pou plis edikasyon nan sijè sa a.

Kalite Degre	Kalite Lekòl	Ane Lekòl
Sètifika	Kolèj Kominotè/Lekòl Vokasyonèl	6 mwa a 2 an
Dezan (Asosye)	Kolèj Kominotè	2 an
Bakaloreya	Kolèj oswa Inivèsite 4 an	4 an
Metriz	Inivèsite	2 an
Doktora	Inivèsite	2 a 8 an
Pwofesyonèl	Lekòl Espesyalize	2 a 5 an

Yon edikasyon kolèj oswa inivèsite ka chè. Gen kèk lekòl ki bay èd finansye yo rele " bous ". Gouvènman peyi Etazini bay elèv èd finansyè tou. Pifò elèv prete lajan oswa aplike pou èd finansye oswa bous pou ede yo peye pou lekòl yo.

Èd Finansye Federal pou Elèv ki ale nan Kolèj

Gouvènman peyi Etazini bay èd finansye pou elèv yo ale nan sèten enstitisyon edikasyon siperyè. Èd sa a kouvri anpil depans lekòl, ansanm ak ekolaj, frè, liv, kay ak manje, founiti, ak transpò. Elèv kalifye pou èd sa a poutèt bezwen yo genyen pou èd finansye, men pa ak nòt yo. Gen twa kalite èd federal :

- Kado – lajan ou pa gen pou repeye.
- Staj – lajan ou touche pandan ou lekòl.
- Prè – lajan ou prete a, ou dwe repeye li pita ak enterè.

Pou plis enfòmasyon sou èd finansye ak pwogram federal yo, rele 1-800-433-3243 oswa ale sou sit entènèt Depatman Edikasyon Ozetazini an http://www.studentaid.ed.gov/students/publications/student_guide/index.html. Gen enfòmasyon disponib an Panyòl.

FÈ ATANSYON AK FWÒD NAN ZAFÈ ÈD FINANSYÈ

Fè atansyon lè w ap chèche enfòmasyon sou asistans finansyè pou elèv. Evite òf ki twò bon pou se ta laverite oswa òf ki pwomèt rezilta pou lajan. Chak ane, anpil fanmi pèdi dèmilyon dola nan " fwòd pou bous ". Si w se yon viktim fwòd, oswa ou bezwen enfòmasyon gratis, rele 1-877-382-4357 oswa 1-866-653-4261 si w gen pwoblèm tande, oswa vizite sit entènèt Komisyon Federal la nan http://www.ftc.gov/scholarshipscams.

Edikasyon pou granmoun

Ou pa oblije sispann aprann lè w vin granmoun. Ozetazini, nou ankouraje moun pou " aprann tout vi yo ". Si ou gen 16 an oswa plis epi w pa fini lekòl segondè, ou ka enskri nan klas Edikasyon Segondè pou Granmoun [Adult Secondary Education (ASE)]. Klas sa yo prepare w pou gen yon sètifika Devlopman Edikasyonèl Jeneral [General Educational Development (GED)].

Yon sètifika GED se yon altènatif pou yon diplòm lekòl segondè. Li montre ou aprann konesans ak abilte nan nivo lekòl segondè. Pou gen yon GED, ou dwe pran epi pase tès nan 5 sijè diferan : lekti, ekriti, syans sosyal, syans natirèl ak matematik. Pifò anplwayè Ozetazini konsidere yon diplòm GED egal ak yon diplòm lekòl segondè nòmal. Nan plizyè zòn, kou preparatwa pou GED yo gratis oswa bon mache. Gade nan anyè telefòn nan anba "Adult Education" (" Edikasyon pou Granmoun ") oswa rele distri lekòl lokal ou a pou enfòmasyon.

Anpil granmoun pran klas pou aprann plis sou sijè ki enterese yo oswa pou aprann nouvo abilte ki ka ede yo nan travay yo. Anpil sistèm lekòl piblik ak kolèj kominotè lokal ofri klas nan plizyè sijè diferan pou granmoun. Nenpòt moun ka enskri nan klas sa yo, dabitid ou gen pou peye yon ti kòb. Tyeke sistèm lekòl lokal ou a oswa kolèj nan kominote w la pou konnen si gen klas ki disponib, konbyen yo koute epi kouman pou enskri.

Lè w ap aprann anglè

Gen anpil kote ou ka aprann pale, li, epi ekri anglè. Anpil timoun ak granmoun enskri nan Klas Anglè kòm yon Dezyèm Lang [English as a Second Language (ESL)]. Klas sa yo ede moun ki pa konnen pale anglè aprann lang lan. Klas sa yo rele tout klas Anglè pou Moun ki pale Lòt Lang [English for Speakers of Other Languages (ESOL)] oswa Klas Alfabetizasyon Anglè (English Literacy classes).

Timoun ki pa konn pale anglè ap aprann li nan lekòl. Lekòl piblik Ozetazini yo bay èd ak ansèyman pou tout elèv ki bezwen aprann anglè. Yo rele elèv ki bezwen ekstra èd, elèv ki gen Konesans Anglè Limite [Limited English Proficient (LEP)].

Elèv ki fèk kòmanse ap aprann anglè ka pran klas ESL nan plas yon klas anglè nòmal. Yo ka plase elèv ki konn plis anglè yo nan yon klas nòmal epi ba yo èd siplemantè. Gen kèk lekòl ki ofri pwogram apre lekòl ak leson pou ede elèv yo aprann anglè. Lekòl pitit ou a pral di w ki kalite èd yo bay elèv ki bezwen aprann anglè.

Granmoun ki pa konprann anglè yo ka enskri nan yon klas ESL yo ofri nan yon pwogram edikasyon piblik kominotè ak pwogram pou granmoun oswa nan yon lekòl lang prive.

Souvan distri lekòl yo ak kolèj kominotè yo ofri pwogram edikasyon piblik kominotè ak pwogram pou granmoun nan kominote lokal yo. Pwogram sa yo ka bay klas ESL ansanm ak volontè pou bay leson. Souvan pwogram sa yo gratis oswa yo ka koute yon ti kras kòb. Klas yo ka fèt lajounen oswa leswa. Rele kolèj kominotè lokal ou a oswa biwo distri lekòl la pou konnen kote pwogram ESL ki pi pre w la ye. Gade nan anyè telefòn lan nan seksyon "Schools – Public" (" Lekòl – Piblik ").

Pifò gran vil yo gen lekòl lang prive tou ki bay kou ESL lajounen oswa leswa. Pri klas sa yo leplisouvan baze sou kantite lè yo anseye. Klas lang prive yo dabitid pi chè pase klas piblik yo. Pou jwenn yon lekòl lang prive, gade nan paj jòn yo nan anyè telefòn ou an nan seksyon "Language Schools" (Lekòl Lang).

Gen kèk òganizasyon, bibliyotèk, ak gwoup relijye ki ofri kou ESL gratis tou oswa bon mache. Tyeke bibliyotèk piblik lokal ou a, ajans sèvis sosyal oswa kote w ale legliz la. Moun k ap travay nan bibliyotèk lokal la ka ba w enfòmasyon sou pwogram yo tou epi montre w kote pou jwenn liv ESL, kasèt, CD ak pwogram òdinatè nan bibliyotèk la.

RELE 211 POU JWENN ENFÒMASYON SOU SÈVIS SOSYAL

Kounye an ou ka rele 211 nan anpil eta pou jwenn èd sèvis sosyal ou bezwen. Rele 211 pou konnen kote ou ka enskri nan klas ESL ki nan katye w. Ou ka rele 211 tou si w bezwen èd pou jwenn pwogram manje, kay, tretman dwòg oswa lòt sèvis sosyal.

Gen kèk eta ak konte ki pako ofri sèvis 211 la. Si w rele epi pèsonn pa reponn, sa vle di sèvis 211 la pako disponib nan kominote w la.

Gadri pou timoun

Si w ap travay epi timoun ou yo twò piti pou yo ale lekòl, ou ka jwenn yon moun pou gade yo pou ou pandan ou nan travay. Pafwa timoun ki nan lekòl bezwen yon moun pou voye zye sou yo lè lekòl lage, si paran yo pa ka nan kay la. Si oumenm oswa yon lòt moun nan fanmi w paka gade timoun ou yo, ou bezwen chèche yon moun pou okipe yo. Pa kite timoun piti nan kay poukont yo.

Lè w ap chèche yon gadri pou timoun

Se yon desizyon ki enpòtan pou jwenn yon moun ki pou okipe pitit ou. Pandan w ap pran desizyon sa a, panse ak kalite epi ak pri swen sa a pral koute. Eseye jwenn yon moun ki pre lakay ou oswa travay ou.

Gen anpil resous ou ka jwenn pou jwenn yon bon gadri pou timoun ou. Mande lòt paran, zanmi ak moun k ap travay ak ou ki moun ki gade timoun yo. Gen kèk eta ki gen yon ajans referans pou swen timoun ki ka ba w yon lis pwogram ki gen yon lisans leta pou okipe timoun. Pwogram swen pou timoun ki gen lisans yo ranpli kondisyon espesifik eta mete sou pye pou pwoteje pitit ou. Ou ka rele biwo distri lekòl lokal ou a pou jwenn kote yo okipe lòt timoun ki nan katye w la.

TI KONSÈY : Si w bezwen èd pou jwenn yon bon gadri pou timoun nan zòn ou a, Depatman Sante ak Sèvis Imen Ozetazini gen yon Sant Nasyonal pou Enfòmasyon sou Swen pou Timoun. Rele 1-800-616-2242 pou enfòmasyon. Ou ka jwenn enfòmasyon tou ak repons pou kesyon ou genyen sou kouman pou chwazi yon bon pwogram pou pitit ou a nan http://www.childcareaware.org.

KALITE GADRI POU TIMOUN KI GENYEN

Ou gen yon kantite chwa ou ka fè lè w ap chwazi yon moun pou okipe pitit ou.

Swen Adomisil. Yon moun vini lakay ou pou gade pitit ou yo. Kalite sèvis sa a ka chè, paske pitit ou a jwenn plis atansyon endividyèl. Kalite swen an depann de moun ou anboche a.

Gadri nan Fanmi. Yo okipe pitit ou a lakay yon lòt moun ak yon ti gwoup lòt timoun. Sa a ka mwen chè pase lòt kalite yo. Kalite sa a depann de moun k ap gade pitit ou a ak kantite timoun l ap gade lakay li.

Sant Gadri : Sant gadri yo se pwogram ki nan lekòl, legliz oswa lòt òganizasyon relijye oswa lòt kote. Sant sa yo dabitid gen diferan moun pou gade gran gwoup timoun. Sant yo dwe ranpli kondisyon eta a epi moun k ap travay yo dabitid resevwa fòmasyon ak eksperyans espesyal.

Pwogram "Head Start" (Avans) yo : Gouvènman federal la bay lajan pou pwogram "Early Head Start" (Edikasyon Bonè) ak "Head Start" pou fanmi ki pa fè anpil kòb. Pwogram sa yo bay sèvis swen ak edikasyon pou timoun piti pou pare yo pou lekòl. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo, rele Depatman Sante ak Sèvis Imen (Department of Health and Human Services) nan 1-866-763-6481 oswa ale sou sit entènèt la nan http://www.acf.hhs.gov/programs/hsb/.

Gen kèk kote k ap okipe timoun pou tout yon jounen oswa pati nan jounen an toudepan de sa paran an bezwen. Pri yo tou se yon faktè lè w ap chwazi yon moun. Tyeke pou wè si w kalifye pou jwenn asistans leta oswa gouvènman federal la ofri pou swen timoun. Anpil eta ofri asistans finansyè bay paran ki pa fè anpil kòb k ap travay oswa k ap patisipe nan pwogram fòmasyon travay oswa edikasyon.

TI KONSÈY : Asire w moun oswa pwogram k ap okipe pitit ou a gen yon lisans oswa li akredite. " Kalifye " vle di pwogram lan ranpli kondisyon minimòm sekirite ak swen eta a mete sou pye. Pwogram ki " akredite " yo ranpli kondisyon ki pi wo pase sa yon lisans leta mande.

Kouman pou fè konnen si yon moun k ap okipe timoun bon ?

Panse ak kesyon fondamantal sa yo lè w ale vizite yon pwogram gadri pou timoun.

- Èske timoun yo kontan lè yo avèk pèsonèl la ?
- Èske gen jwèt ki disponib ki apwopriye pou laj timoun yo ?
- Èske timoun yo ap fè aktivite ki apwopriye ?
- Èske founisè a te pale ak pitit ou a pandan ou te la ?
- Èske kote a pwòp epi òganize ?
- Èske gen yon pwogram etid oswa woutin pou timoun yo suiv ? Asire w ou mande referans pou w ka pale ak lòt paran ki nan pwogram la.

Ijans ak Sekirite

Ijans se evenman ki ra ki ka koze domaj sou moun ak pwopriyete. Yo ka rive nenpòt moun a nenpòt ki lè. Planifye alavans pou kenbe oumenm ak fanmi ou an sekirite. Seksyon sa a di w ki jan ou ka prepare pou ijans epi ki jan pou jwenn èd lè yo rive.

Èd pou Ijans : Rele 911

Ozetazini, ou ka rele 911 nan nenpòt telefòn pou jwenn èd ijans. Rele 911 pou :

- Rapòte yon dife.
- Rapòte yon krim k ap fèt.
- Rele yon anbilans pou èd medikal ijan.
- Rapòte aktivite sispèk, tankou moun k ap rele anmwe, moun k ap mande sekou, oswa bal k ap tire.

Ki sa ki rive lè mwen rele 911 ?

- Yo reponn apèl 911 yo dabitid nan yon delè 12 segonn. Yo ka mete w annatant. Piga rakwoche ! Lè operatè a reponn, pral gen yon silans nan telefòn lan pandan plizyè segonn. Pa rakwoche. Ret tann operatè a pale.
- Si ou pa pale anglè, di operatè a ki lang ou pale. Yon entèprèt dwe vin sou liy la.
- Operatè 911 lan pral poze w kesyon pou li konnen ki sa ijans lan ye ak ki kote ijans lan ye. Rete kalm epi reponn kesyon sa yo. Eseye rete nan telefòn lan ansanm ak operatè a jiskaske ou fin reponn tout kesyon yo.

Kilè pou Pa rele 911

Rele 911 pou ijans serye, kote lavi moun andanje sèlman. Lè moun rele 911 pou move rezon sa ka anpeche yon lòt moun resevwa sekou yo bezwen. Pa rele 911 pou :

- Mande pou esplikasyon wout.
- Mande enfòmasyon sou sèvis piblik.
- Chèche konnen si yon moun nan prizon.
- Rapòte sitiyasyon ki pa ijans.
- Mande enfòmasyon sou kontwòl zannimo.
- Pale ansanm ak yon ofisye lapolis sou yon bagay ki pa yon ijans.

Si ou gen yon kesyon pou lapolis, rele nimewo ki pa nimewo ijans la pou depatman lapolis ki ekri nan paj ble anyè telefòn ou an.

MOUN KI FÈ RESPEKTE LALWA OZETAZINI

Ozetazini, genyen ajans ki fè respekte lalwa federal, eta ak lokal ki pwoteje piblik la. Nan kominote w la, ofisye ki pou fè respekte lalwa yo se polis oswa cherif. Chèche konnen nimewo telefòn estasyon lapolis ki pre lakay ou epi make li bòkote telefòn ou an. Sonje ofisye lapolis yo la pou pwoteje ou ak fanmi ou kont danje. Pa pè rapòte yon krim, espesyalman si w se viktim lan. Kèk kriminèl abize imigran paske yo panse ou pa pral rapòte krim lan bay lapolis. Si yon ofisye lapolis kanpe w :

- **Pa pè. Fè politès epi koopere.**
- **Di ofisye a si ou pa pale anglè.**
- **Si ou nan yon machin, pa sòti nan machin lan jiskaske ofisye a di w pou sòti.**
- **Kenbe men w kote ofisye a kapab wè yo. Pa ale fouye nan pòch ou oswa nan lòt kote nan machin la.**

Kenbe Kay ou ak Fanmi w an Sekirite

Prepare w anvan ijans yo rive. Men kèk bagay ou kapab fè pou w an sekirite :

- Asire w pòt ou yo gen bon seri epi kenbe yo klete tout tan. Pa bay moun ou pa konnen kle pòt ou. Fè pridans lè w ap ouvè pòt pou moun ou pa konnen. Mande kiyès yo ye epi ki sa yo bezwen anvan ou ouvri pòt la.
- Alam pou lafimen dife fè yon gwo bwi lè genyen lafimen lakay ou oswa nan apatman w lan. Asire w ou genyen alam pou lafimen dife nan plafon tou pre chanm akouche yo ak nan chak etaj lakay ou. Ranplase pil yo nan alam pou lafimen dife w la de fwa pa ane. Tyeke alam la yon fwa pa mwa pou asire w li mache.
- Chèche konnen ki kote lopital ak lapolis ak estasyon ponpye yo ye. Sere nimewo enpòtan sa yo (estasyon lapolis, depatman ponpye, ak doktè) toupre telefòn ou, kote ou ka jwenn yo fasil.
- Chèche konnen tiyo prensipal pou gaz, elektrisite, ak dlo yo ye nan lakay ou. Asire ou konnen ki jan pou entènn yo alamen.
- Prepare yon twous pou katastwòf ki genyen ladan li yon flach, radyo pòtab, ekstra pil, lèn, yon twous premye swen, epi bon kantite manje nan konsèv oswa nan bwat ak dlo nan boutèy pou omwen twa jou. Mete ladan li tou sache pou fatra, papye ijyenik ak manje pou bèt kay la, si sa nesesè. Mete tout bagay sa yo ansanm yon kote ki fasil pou jwenn.

- Pratike ansanm ak fanmi w ki jan pou sòti kite kay la anka ta gen yon dife oswa lòt ijans. Asire w timoun ou yo konnen son alam pou lafimen dife a epi ki sa pou yo fè si yo tande li. Planifye yon kote pou rankontre ansanm ak fanmi w si ou ta bezwen kite kay la. Chwazi yon kote espesifik andeyò kay ou epi yon lòt kote andeyò katye lakay ou, sizoka ou paka retounen lakay. Mande yon zanmi oswa yon manm fanmi ki rete nan yon lòt zòn pou yo se moun prensipal fanmi ou pral rele si yo separe nan yon ijans. Asire w tout moun konnen pou yo rele moun sa a epi yo genyen nimewo telefòn li.

• Mande plan ijans yo nan lekòl pitit ou a. Asire w pitit ou konnen ki sa pou li fè. Mande ki kote ou ka ale pou rankontre pitit ou nan yon ijans.

KI SA OU KA FÈ

Pou ede kenbe katye w an sekirite, chèche konnen vwazen ou yo. Pale ansanm avèk yo sou ki sa pou yo fè lè gen yon ijans nan zòn ou an. Si ou genyen vwazen ki andikape, gade pou wè si yo bezwen èd espesyal.

Anpil katye genyen sa yo rele Gad Katye (Neighborhood Watch). Gad Katye a se yon gwoup moun nan katye a. Yo mache a toudewòl nan lari yo leswa pou dekouraje aktivite kriminèl. Si genyen yon Gad Katye nan zòn lakay ou, ou kapab pòte w volontè pou patisipe. Si ou ta renmen kòmanse yon Gad Katye, rele depatman lapolis lokal ou a pou èd. Ale nan http://www.usaonwatch.org pou plis enfòmasyon.

Lè ou ede lòt moun rete an sekirite, ou ede kominote w ak nasyon w. Ou kapab patisipe plis nan kominote w lan atravè Konsèy Kò Sitwayen lokalite w la. Ale nan http://www.citizencorps.gov pou plis enfòmasyon.

Premye Swen

Aprann ki jan pou bay yon kout men nan kèk kadijans, tankou lè yon moun ap senyen oswa ap toufe. Sa rele " premye swen " ("first aid"). Ou ka pran yon klas fòmasyon pou premye swen nan Lakwa Wouj (Red Cross) ki nan lokalite w la. Rele biwo Lakwa Wouj ki nan lokalite w la oswa Konsèy Nasyonal Sekirite pou mande enfòmasyon sou klas nan zòn lakay ou. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan http://www.redcross.org oswa http://www.nsc.org.

Kenbe yon twous premye swen lakay ou, nan travay ou, epi nan machin ou. Yon twous premye swen genyen atik ou kapab itilize pou ti blesi oswa doulè, tankou pansman, sèvyèt antiseptik, medikaman pou doulè, sache ki vin glase byen vit, epi gan. Ou ka achte yon bon twous premye swen nan famasi ki nan lokalite w.

Kontwòl Pwazon

Anpil bagay lakay ou kapab anpwazone w si ou vale yo. Se bagay tankou pwodui netwayaj, medikaman, penti, alkòl, kosmetik, epi menm kèk plant. Kenbe bagay sa yo lwen timoun piti.

Si yon moun vale yon pwodui ki anpwazone, rele Sant Kontwòl Pwazon toutswit nan 1-800-222-1222. Ou kapab jwenn èd 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Genyen pwodui anpwazone a avèk ou lè ou rele. Di operatè a sa li ye. Si ou pa pale anglè, di operatè a sa pou yon entèprèt kapab ede w. Apèl nan Sant Kontwòl Pwazon a konfidansyèl epi yo gratis.

Sistèm avètisman Sekirite Nasyonal pou atak teworis

Depatman Sekirite Nasyonal (DHS) genyen yon sistèm pou ede moun konprann risk posib yon atak teworis genyen. Sistèm lan itilize diferan koulè pou montre diferan nivo danje. Koulè yo se :

■**Wouj**. Kondisyon grav. Genyen yon risk grav pou yon atak teworis. Yon atak deja fèt oswa pral fèt.

■**Oranj**. Kondisyon wo. Genyen yon gwo risk pou yon atak teworis. Yo pa konnen kote li pral fèt ekzakteman.

- **Jòn**. Kondisyon elve. Genyen yon risk aparan pou yon atak teworis. Yo pa konnen kote li pral fèt ekzakteman.
- **Ble**. Kondisyon angad. Genyen yon risk jeneral pou yon atak teworis. Yo pa konnen ankenn menas espesifik oswa kote li pral fèt ekzakteman.
- **Vèt**. Kondisyon ba. Genyen yon ti risk pou yon atak teworis.

Si yon atak teworis rive fèt

Gouvènman Etazini kapab itilize Sistèm Avètisman Ijans lan [Emergency Alert System (EAS)] pou bay peyi a enfòmasyon nan yon ka ijans. Prezidan peyi Etazini an ka itilize sistèm sa a pou bay enfòmasyon prese prese bay piblik la lè yon ijans rive. Gouvènman eta ak lokal yo kapab itilize EAS la tou pou bay piblik nan zòn yo a enfòmasyon sou ijans. Si yon ijans rive, koute radyo oswa televizyon pou enfòmasyon sou ki jan pou pwoteje tèt ou ansanm ak fanmi ou.

> **TI KONSÈY :** Si yon atak teworis rive fèt, koute sa otorite lokal yo di w pou fè. Koute radyo oswa televizyon pou kèk enstriksyon. Fòk ou genyen yon televizyon oswa radyo lakay ou ki mache ak pil sizoka pa gen kouran tanporèman nan zòn ou an.

Pa pè, se pou prepare w

DHS ap ede ameriken aprann sou danje ki posib, pou yo ka pare pou reyaji pandan yon atak teworis oswa katastwòf natirèl. DHS bay enfòmasyon pou ede w kenbe fanmi ou, kay ou, ak kominote w plis an sekirite epi lwen danje tankou krim, teworism, ak tout kalite katastwòf. Rele 1-800-BE-READY pou enfòmasyon yo enprime oswa ale nan sit entènèt DHS la nan http://www.ready.gov.

Ou ka jwenn yon kopi *Citizen's Guide* ak ti konsèy sou ki jan pou kenbe fanmi ou, lakay ou, ak kominote w plis an sekirite. Ou ka jwenn gid sa a nan Ajans Federal pou Jesyon Ijans [Federal Emergency Management Agency (FEMA)] lè ou rele 1-800-480-2520. Ou kapab jwenn enfòmasyon tou sou sit entènèt Kò Sitwayen an (Citizen Corps) nan http://www.citizencorps.gov/ready/cc_pubs.shtm.

SA OU KA FÈ



Ofisyèl federal ak eta yo ap mande tout moun ki abite Ozetazini pou ede yo konbat teworism. Gade sa k ap pase bò kote w, espesyalman lè w ap vwayaje nan bis piblik, tren, ak avyon. Si ou wè yon objè sispèk yo kite poukont li, tankou yon valiz, sakado, oswa sache an papye, rapòte li toutswit bay ofisye lapolis ki pi pre oswa lòt otorite. Pa ouvè oswa deplase objè a oumenm !

Lè w ap Aprann Konsènan Peyi Etazini

Etazini se yon demokrasi reprezantantif, epi sitwayen yo jwe yon wòl enpòtan nan gouvènen peyi a. Nan seksyon sa a, ou pral aprann sou ki jan sitwayen yo ede fòme gouvènman ameriken an, ki jan peyi Etazini te kòmanse epi te devlope, epi ki jan gouvèmnan nou an fonksyone.

Noumenm Pèp la : Wòl yon Sitwayen Ozetazini

Ozetazini, gouvènman an pran pouvwa pou li gouvène nan men pèp la. Nou gen yon gouvènman pèp la, pa pèp la, epi pou pèp la. Sitwayen yo Ozetazini fòme gouvènman yo ak règleman li yo, kidonk yo oblije aprann sou zafè piblik ki enpòtan yo epi patisipe nan kominote yo. Sitwayen yo vote nan eleksyon lib pou chwazi ofisyèl enpòtan gouvènman an, tankou prezidan, vis prezidan, senatè, ak reprezantan. Tout sitwayen ka rele ofisyèl yo eli yo pou bay yon opinyon, mande enfòmasyon, oswa mande èd sou sijè espesifik.

Gouvènman nou an baze sou plizyè valè enpòtan : libète, opòtinite, egalite, ak jistis. Ameriken pataje valè sa yo, valè sa yo ba nou yon idantite sivik komen.

Gouvènman an Ozetazini pwoteje dwa chak moun. Etazini genyen tout kalite moun ki gen diferan orijin, kilti ak relijyon. Gouvènman nou an ak lwa nou yo fèt yon jan pou pèmèt sitwayen ki gen orijin ak kwayans diferan genyen menm dwa. Yo paka pini oswa fè pèsòn mal paske yo genyen yon opinyon oswa kwayans ki diferan de sa pifò moun panse.

AVÈK PÈP LA, PA PÈP LA, EPI POU PÈP LA : KI SA DEMOKRASI YE ?

Mo “ demokrasi ” a vle di “ gouvènman pa pèp la ”. Demokrasi kapab genyen diferan fòm nan diferan peyi. Ozetazini, nou genyen sa yo reke “ demokrasi reprezantatif ”. Sa vle di pèp la chwazi ofisyèl pou reprezante vizyon ak sousi yo nan gouvènman an.

Kouman peyi Etazini te kòmanse

Premye kolon yo ak moun ki te vin etabli yo Ozetazini lepli souvan t ap sove akòz tretman enjis, espesyalman pèsekisyon relijye, nan pwòp peyi yo. Yo t ap chèche libète ak nouvo opòtinite. Jodi a, anpli moun vin Ozetazini pou menm rezon sa yo.

Anvan li te devni yon nasyon separe epi endepandan, Etazini te fòme ak 13 koloni Grann Bretay t ap dirije. Moun ki te abite nan koloni yo pa t gen lapawòl nan ki lwa ki te pase oswa ki jan yo te gouvène yo. Yo te espesyalman kont “ taks san reprezantasyon ” (“taxation without representation”). Sa vle di pèp la te peye taks, men yo pa t gen lapawòl sou ki jan govènman yo t ap fonksyone.

Pou rive nan ane 1776, anpil moun te santi sa pa t jis epi yo ta dwe gouvène tèt yo. Reprezantan nan koloni yo pibliye yon Deklarasyon Endepandans. Dokiman enpòtan sa a deklare koloni yo te lib ak endepandan epi yo pa t gen lyen ak Grann Bretay ankò. Thomas Jefferson te ekri Deklarasyon Endepandans lan. Ansuit li te vin twazyèm prezidan peyi Etazini.

KI SA OU KA FÈ

Antanke yon rezidan pèmànan, ou genyen anpil dwa ak libète. Anretou, ou genyen kèk responsablite. Yon responsablite enpòtan se pou patisipe nan aktivite kominote w lan. Ou dwe aprann tou sou jan ameriken viv epi istwa ak gouvènman nou an. Ou ka fè sa lè ou pran klas edikasyon pou granmoun epi li jounal lokal la.

PEYI ETAZINI AK ORIJIN TRÈZ KOLONI YO



Trèz koloni yo te fonde nan lòd sa a :

Vijini (Virginia), Masachousèt (Massachusetts), Marilann (Maryland), Konektikèt (Connecticut), Wod Aylann (Rhode Island), Delawè (Delaware), Nou Enmchè (New Hampshire), Kawolinn dinò (North Carolina), Kawolinn disid (South Carolina), Nou Jèze (New Jersey), Nouyòk (New York), ak Jòji (Georgia).

Yo te siyen Deklarasyon Endepandans lan le 4 jiyè 1776. Se pou sa ameriken selebre 4 jiyè chak ane antanke jou Endepandans : se jou fèt nasyon nou an.

Peyi Etazini te batay pou libète li nan men Grann Bretay nan yon Gè Revolisyonè. Jeneral George Washington te gouvène fòs militè Revolisyon Amerikèn nan. Yo konnen li antanke " Papa Peyi nou an ". Pi ta li vin premye prezidan Etazini.

Apre koloni yo te genyen gè a, yo te vini fòme eta. Chak eta yo genyen pwòp gouvènman li. Moun nan eta sa yo te vle kreye yon nouvo fòm gouvènman pou reyini eta yo nan yon sèl nasyon. Jodi a, gouvènman santral sa a, gouvènman nasyonal nou an, rele " gouvènman federal ". Peyi Etazini kounye a genyen 50 eta, Distri Kolonbya (the District of Columbia) (yon zòn espesyal ki se syèj gouvènman federal la), teritwa Gwam, Samowa Ameriken, ak Zile Vyèj yo (U.S. Virgin Islands) ak Kòmonnwèlf Zile Nò Maryann (commonwealths of the Northern Mariana Islands) ak Pòtoriko (Puerto Rico).

“ YO KREYE TOUT MOUN EGAL EGO ”

Anpil ameriken konnen mo sa yo ki nan Deklarasyon Endepandans lan pa kè :

“ Nou kwè nan verite sa yo epi yo aparan, tout moun kreye egal ego, epi Kreyatè yo ba yo kèk Dwa pèsonn paka retire tankou lavi, lalibète ak pousuit bonè. ”

Sa vle di tout moun fèt ak menm dwa fondamantal yo. Gouvènman an pa kreye dwa sa yo, epi ankenn gouvènman pa ka pran dwa sa yo.

Pou kreye “ Yon Inyon ki pi Pafè ”

Pandan plizyè ane apre revolisyon amerikèn lan, eta yo eseye plizyè fason pou yo mete tèt ansanm nan yon gouvènman santral, men gouvènman sa a te twò fèb. Kidonk reprezantan ki sòti nan chak eta yo te fè yon rasanbleman nan Filadèlfi (Philadelphia), Pennsilvani (Pennsylvania) nan ane 1787 pou yo devlope yon nouvo, gouvènman santral pi fò. Reyinyon sa a se te Konvansyon Konstitisyonèl la. Aprè chak deba yo, lidè nan chak eta yo te ekri yon dokiman ki dekri nouvo gouvènman sa a. Dokiman sa a se te Konstitisyon peyi Etazini an, youn nan dokiman pi enpòtan nan istwa ameriken. Konstitisyon an dekri ki jan yo ta pral òganize nouvo gouvènman an, ki jan yo ta pral chwazi ofisyèl gouvènman an, epi ki dwa nouvo gouvènman santral la ta pral garanti sitwayen yo.

“ ANSYEN GLWA ” – DRAPO PEYI ETAZINI AN

Drapo Etazini an te chanje atravè istwa peyi nou an. Kounye a li genyen 13 bann pou reprezante 13 koloni orijinal ameriken yo. Li genyen 50 etwal, youn pou chak eta yo. Yo te ekri im nasyonal ameriken an sou drapo a epi yo rele li “ Banyè ki briye ak etwal ” (“The Star-Spangled Banner”). Yo rele drapo a tou “ Etwal ak bann ” (“Stars and Stripes”), epi yon chante ameriken tout moun renmen anpil rele “ Etwal ak Bann pou Toujou ” (“Stars and Stripes Forever”).

Manm Konvansyon Konstitisyonèl la te apwouve Konstitisyon an le 17 septanm 1787. Apre sa, tout 13 eta yo te gen pou apwouve li. Gende moun ki te santi Konstitisyon a pa t fè ase pou pwoteje dwa chak moun an patikilye. Eta yo te dakò pou apwouve Konstitisyon an si yo te ajoute ladan li yon lis dwa endividyèl. Eta yo apwouve Konstitisyon an nan ane 1789. Yo te vin ajoute nan Konstitisyon an nan ane 1791, lis dwa endividyèl sa a, yo te rele “Bill of Rights” (Deklarasyon Dwa). Chanjman nan Konstitisyon a rele “ amandman ”. Premye 10 amandman nan Konstitisyon an te rele “ Deklarasyon Dwa ”.

Se lalwa ki gouvènen peyi Etazini. Ofisyèl gouvènman an pran desizyon ki baze sou lwa sa yo. Yo konnen Konstitisyon an antanke “ lwa siprèm peyi a ” (“supreme law of the land”) paske chak sitwayen, ansanm ak tout ofisyèl gouvènman an, epi tout lwa yo kreye oblije suiv prensip Konstitisyon an. Lwa yo se menm pou tout moun. Pouvwa gouvènman federal la limite. Pouvwa Konstitisyon an pa bay gouvènman federal la dirèkteman rete nan men eta yo.

“ NOUMENM PÈP LA ”

“ Noumenm Pèp la ” se twa premye mo Konstitisyon peyi Etazini an. Konstitisyon an kòmanse pa esplike poukisa yo te ekri li epi ki sa yo te sanse akonpli. Seksyon sa a rele “ preyanbil ” la. Men preyanbil Konstitisyon an :

“ Noumenm Pèp peyi Etazini, pou nou ka fòme yon inyon ki pi pafè, etabli lajistis, asire trankilite nan peyi nou, founi defans komen, ankouraje byenèt jeneral, epi pwoteje benediksyon libète pou tèt nou ansanm ak pwojeniti nou, nou òdone epi etabli Konstitisyon sa a pou Etazini Damerik. ”

“ Deklarasyon Dwa ” : Premye 10 Amandman yo

Premye chanjman nan Konstitisyon yo te fèt pou pwoteje sitwayen an patikilye epi pou limite pouvwa gouvènman an. Deklarasyon Dwa a site libète enpòtan yo pwomèt pèp ameriken an. Nan pifò ka yo, dwa sa yo limite ki sa gouvènman an ka fè moun endividyèlman. Dwa sa yo genyen ladan yo :

- Libète dekspresyon. Gouvènman a paka di moun ki sa pou yo di oswa pou yo pa di. Moun ka di sa yo vle sou zafè piblik san yo pa krenn yon pinisyon.
- Libète relijyon. Gouvènman an paka di moun ki kalite kote pou yo ale legliz. Moun ka chwazi pou yo adore – oswa pa adore – jan yo pi pito.
- Libète laprès. Gouvènman an paka deside ki sa ki ekri nan jounal oswa ki sa pou yo di nan radyo ak nan televizyon.
- Libète pou rasanble nan plas piblik. Gouvènman an paka anpeche moun fè rasanbleman piblik ki legal pou plizyè diferan bi.
- Libète pou genyen zam afe. Gouvènman an paka anpeche moun posede zam.
- Libète pou pwoteste kont aksyon gouvènman yo epi pou mande chanjman. Gouvènman an paka pe bouch moun oswa pini moun ki defye aksyon gouvènman an yo pa dakò avèk yo.

Deklarasyon Dwa a garanti “ pwosè ekitab ”. Pwosè ekitab se yon seri de pwosedi legal espesifik yo dwe suiv lè yo akize yon moun de yon krim. Ofisye lapolis ak sòlda paka rete epi fouye yon moun san yon bon rezon, epi yo paka fouye lakay moun san pèmisyon yon tribinal. Lè yo akize moun pou yon krim yo garanti yo yon jijman rapid avèk yon jiri ki fèt ak moun menm jan ak yo. Yo garanti yo reprezantasyon legal epi yo ka rele temwen pou pale pou yo. Yo entèdi tou pinisyon ki kriyèl epi ki pa abityèl.

LÈ POU YO CHANJE KONSTITISYON AN

Yo rele konstitisyon peyi Etazini an yon “ dokiman vivan ” (“living document”) paske pèp ameriken an, atravè reprezantan eta ak nasyonal yo, kapab chanje li lè sa nesesè. Chanjman sa yo rele “ amandman ”. Se yon pwosedi ki long epi difisil pou chanje Konstititsyon an, kidonk yo chanje li sèlman 27 fwa pandan istwa nou an. Apade Deklarasyon Dwa a, kèk amandman enpòtan se Trèzyèm lan, ki entèdi esklavaj, epi Katòzyèm lan, ki garanti tout sitwayen menm pwoteksyon selon lalwa. Diznevyèm Amandman a bay fanm dwa pou vote.

Kouman Gouvènman Federal la fonksyone

13 koloni orijinal yo te viv sou pouvwa total wa anglè a. Nan nouvo gouvènman santral yo a, ameriken yo te vle anpeche yon konsantrasyon pouvwa nan men yon sèl gouvènman ofisyèl oswa yon sèl biwo. Konstitisyon an te kreye twa branch pou gouvènman federal la, pou yo te ka balanse pouvwa a. Twa branch yo genyen reskonsablite separe. Nou rele sistèm gouvènman sa a " sistèm ekilib pouvwa " ("checks and balances"). Okenn nan branch gouvènman an paka vin gen twòp pouvwa paske li ekilibre ak de lòt branch yo.

GOUVÈNMAN FEDERAL LA

Twa branch gouvènman federal la se :

Branch Lejislatif la :
Kongrè peyi Etazini an ansanm ak biwo yo ki gen rapò avèk li.

Branch Ekzekitif la :
Prezidan an, vis prezidan an, ak depatman yo nan gouvènman federal la.

Branch Jidisyè a :
Lakou Siprèm nan peyi Etazini an ak tribinal federal yo nan tout peyi a.

Branch Lejislatif la : Kongrè a

Sitwayen peyi Etazini yo vote nan eleksyon lib pou chwazi moun pou reprezante yo nan Kongrè peyi Etazini. Kongrè a genyen responsablite pou fè lwa yo pou nasyon nou an. Lachanm Reprezantan ansanm ak Sena a fòme Kongrè a.

Lachanm Reprezantan peyi Etazini an

Moun nan chak eta yo vote pou chwazi mann Lachanm Reprezantan yo. Genyen 435 manm nan Lachanm Reprezantan, yo rele souvan " Lachanm " ("the House"). Kantite reprezantan nan chak eta yo depann de kantite moun ki rete nan eta sa a, Eta yo separe an distri. Moun ki rete nan chak distri yo vote pou yon moun pou reprezante distri yo a nan Lachanm lan. Chak reprezantan sèvi pandan 2 an, epi pèp la genyen yon lòt chans pou vote pou yo oswa pou chwazi yon lòt moun pou reprezante yo. Reprezantan yo kapab sèvi nan Kongrè pou yon kantite tan ki pa gen limit.

Genyen senk manm siplemantè nan Lachanm lan. Se reprezantan Distri Kolonbya a (District of Columbia) ansanm ak teritwa Pòto Riko, Gwam, Samowa Ameriken ak Zile Vyèj Etazini yo (Puerto Rico, Guam, American Samoa, and the U.S. Virgin Islands). Yo ka patisipe nan deba, men yo paka patisipe nan vòt fòmèl tout Lachanm lan.

OFISYÈL GOUVÈNMAN AN SÈVI PÈP LA

Ozetazini, tout moun ka rele Reprezantan oswa Senatè yo eli yo. Ou ka rele 202-224-3121 epi mande pou biwo Reprezantan w lan oswa Senatè w lan. Ou ka ekri Reprezantan w lan oswa Senatè w lan pou poze kesyon oswa bay opinyon w sou lejislasyon ak gouvènman federal la, oswa si ou genyen yon pwoblèm epi ou bezwen èd ak benefis federal.

Pou ekri Reprezantan w lan :
The Honorable (mete tout non Reprezantan an)
U.S. House of Representatives
Washington, DC 20515

Pou ekri Senatè w la :
The Honorable (mete tout non Senatè w la)
United States Senate
Washington, DC 20510

Ou ka ale nan sit entènèt Kongrè a pou jwenn enfòmasyon sou aktivite k ap fèt kounye a nan Lachanm lan ak nan Sena a epi sou pwòp Reprezantan ak Senatè w yo, ansanm ak adrès sit entènèt yo.

- **Pou Lachanm Reprezantan yo, ale nan http://www.house.gov/.**
- **Pou Sena a, ale nan http://www.senate.gov/.**

Lachanm Reprezantan yo fè lwa yo, men li genyen kèk responsablite espesyal. Se sèl Lachanm Reprezantan an ki kapab :

- Pwopoze lwa sou taks.
- Deside, si yo akize yon ofisyèl gouvènman de yon krim kont peyi a, dwe ale nan yon jijman devan Sena a. Yo rele sa " akizasyon " ("impeachment").

KI SA OU KA FÈ

Chèche enfòmasyon sou Reprezantan ak Senatè w yo epi ki sa y ap fè pou reprezante w nan Kongrè a. Ou ka fè sa lè ou chèche atik sou yo nan jounal lokal ou a epi ale nan sit entènèt Kongrè a. Tout Senatè ak Reprezantan yo genyen biwo lokal nan kominote lakay yo ; ou ka jwenn yo ekri nan paj ble anyè telefòn lan. Si ou ale vizite Washington, DC, ou ka fè yon tou gratis nan Kapitol Etazini a (U.S. Capitol), kote Kongrè a travay.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou prezidan an lè ou ale nan sit entènèt pou Lamezon Blanch lan (White House), kay prezidan an. Ale nan http://www.whitehouse.gov/.

Sena Ameriken an

Genyen 100 Senatè nan Sena peyi Etazini. Moun nan chak eta vote pou chwazi de (2) senatè pou reprezante yo nan Kongrè a. Senatè yo sèvi pou sis zan, epi pèp la genyen yon lòt chans pou vote pou yo oswa pou chwazi yon lòt moun pou reprezante yo. Senatè yo kapab sèvi nan Kongrè pou yon kantite tan ki pa gen limit. Senatè yo fè lwa yo, men yo genyen reponsablite espesyal tou.

Se sèlman Sena a ki kapab :

- Di “ wi ” oswa “ non ” pou nenpòt akò prezidan an fè ansanm ak lòt peyi oswa òganizasyon peyi yo. Yo rele sa “ trete ”.
- Di “ wi ” oswa “ non ” pou nenpòt moun prezidan an chwazi pou travay nan nivo elve, tankou jij nan Lakou Siprèm oswa ofisyèl pou dirije depatman federal yo, tankou Depatman Edikasyon oswa Depatman Sante ak Sèvis Imen.
- Fè yon jijman pou yon ofisyèl gouvènman ki komèt yon krim kont peyi Etazini.

Branch Ekzekitif la : Prezidan an

Prezidan an se chèf branch ekzekitif la epi li responsab pou l sipòte epi fè respekte lwa peyi a. Prezidan an genyen anpil lòt responsablite, tou, tankou etabli règ nasyonal, pwopoze lwa bay Kongrè a, epi chwazi ofisyèl nivo elve ak manm pou Lakou Siprèm lan. Prezidan an se chèf lame Ozetazini tou epi yo ka rele li Kòmandan an Chèf (Commander-in-Chief).

Pèp la vote nan eleksyon pou prezidan ak vis prezidan chak katran. Prezidan an kapab sèvi sèlman 2 manda ki dire katran chak, Vis prezidan an vin prezidan si prezidan an ta vin andikape oswa ta mouri.

Branch Jidisyè a : Lakou Siprèm lan

Konstitisyon an kreye Lakou Siprèm lan, tribinal ki pi wo ki genyen Ozetazini. Genyen nèf jij nan Lakou Siprèm lan. Yo rele yo “ jij ”. Prezidan an chwazi manm Lakou Siprèm lan, epi yo sèvi tout tan yo kapab sèvi. Lakou Siprèm lan kapab anile ni lwa eta yo ak federal yo si yo gen konfli ak Konstitisyon an. Gen lòt tribinal federal, tankou Tribinal Depatmantal peyi Etazini ak Kou Dapèl Sikonskripsyon Ozetazini.

Pou gen plis enfòmasyon konsènan Lakou Siprèm Ozetazini, ale sou sit entènèt : http://www.supremecourtus.gov.

Gouvènman Leta ak Lokal

Anplis de gouvènman federal la, chak eta gen Konstitisyon pa li ak pwòp gouvènman li. Chak gouvènman eta yo gen twa branch : lejislatif, egzekitif ak jidisyè.

Dirijan branch egzekitif eta a rele “ gouvènè ”. Moun nan chak eta vote nan eleksyon yo pou chwazi gouvènè yo ak reprezantan yo nan lejislati eta a. Lejislati eta a fè lwa ki aplike nan chak eta. Lwa sa yo paka an konfli ak Konstitisyon peyi Etazini an epi chak branch eta jidisyè a sipòte lwa eta sa a.

Chak eta gen gouvènman lokal. Gen gouvènman vil oswa konte oswa pafwa gen toulède. Yo bay epi kontwole anpil sèvis nan kominote lokal ou a, tankou lekòl piblik ak bibliyotèk, depatman lapolis ak ponpye, ak sèvis dlo, gaz ak kouran. Moun nan kominote lokal yo dabitid vote pou ofisyèl gouvènman lokal yo, men yo nonmen kèk ofisyèl lokal. Gouvènman lokal yo gen diferan fòm. Genyen ki gen majistra

kòm dirijan yo, gen kèk ki gen konsèy vil oswa konsèy konte. Kominote lokal yo gen komite lekòl tou, sitwayen yo eli oswa yo nonmen pou sipèvize lekòl piblik yo.

KI SA OU KA FÈ

Anpil reyinyon gouvènman lokal ouvri pou piblik la. Anpil fèt aswè pou nenpòt moun ka vini. Pa egzanp, ou ka ale nan yon reyinyon konsèy vil oswa komite lekòl pou aprann plis sou sa k ap pase nan kominote w lan. Dòdinè yo konn ekri enfòmasyon sou reyinyon sa yo, lè ak kote y ap fèt nan jounal lokal la. Yo ka mete reyinyon sa yo nan sit entènèt gouvènman lokal la. Gen kèk reyinyon gouvènman lokal tou ki sou televizyon nan estasyon kab lokal yo.

Pou vin yon Sitwayen Ameriken

Lè yon rezidan pèmànan vin yon sitwayen ameriken sa ba li kèk nouvo dwa ak privilèj. Sitwayènte a pote nouvo responsablite tou. Seksyon sa a bay kèk rezon pou konsidere pou vin yon sitwayen ameriken epi li dekri ki sa ou dwe konnen pou vin yon sitwayen.

Pou vin yon sitwayen, ou oblije sèmante lwayote ou anvè peyi Etazini. Ou oblije abandone fidèlite w pou nenpòt ki lòt peyi. Ou oblije dakò pou sipòte ak defann Konstitisyon Peyi Etazini an. Lè ou vin yon sitwayen, ou aksepte tout responsablite yon ameriken genyen. Annechanj, ou genyen sèten dwa ak privilèj sitwayènte bay.

Poukisa pou vin yon sitwayen ameriken ?

Rezidan pèmànan yo genyen pifò dwa sitwayen ameriken yo genyen. Sepandan genyen anpil rezon enpòtan ki ta dwe fè w vin yon sitwayen ameriken. Men kèk bon rezon :

- **Montre patriyotism ou.** Lè w vin yon sitwayen se yon fason pou montre devouman w pou nouvo peyi w la.
- **Vote.** Se sèlman sitwayen ameriken ki ka vote nan eleksyon federal yo.
- **Sèvi nan yon jiri.** Se sèlman sitwayen ameriken ki kapab sèvi nan yon jiri. Sèvi nan yon jiri se yon responsablite enpòtan pou sitwayen ameriken.
- **Vwayaje ak yon paspò ameriken.** Yon paspò ameriken pèmèt ou jwenn asistans nan men gouvènman ameriken an lè ou aletranje, lè sa nesesè.
- **Fè manm fanmi w rantre Ozetazini.** Sitwayen ameriken yo jeneralman gen priyorite lè y ap fè petisyon pou fè manm fanmi yo rantre definitivman nan peyi sa a.
- **Resevwa sitwayènte pou timoun ki fèt aletranje.** Nan pifò tout ka yo, yon pitit sitwayen ameriken ki fèt aletranje vin otomatikman yon sitwayen ameriken.
- **Vin kalifye pou travay federal.** Sèten travay nan ajans gouvènman yo oblije pou gen sitwayènte amerikèn.
- **Vin yon ofisyèl ki eli.** Anpil pòs moun vote pou yo nan peyi sa a oblije ou genyen sitwayènte amerikèn.
- **Ranpli kondisyon pou taks.** Kondisyon pou taks kapab diferan pou sitwayen ameriken ak rezidan pèmànan.
- **Kenbe rezidans ou.** Yo paka pran dwa yon sitwayen ameriken genyen pou l rete Ozetazini.
- **Vin kalifye pou lajan federal ak bous detid.** Anpil nan lajan èd finansyè, tankou bous pou kolèj ak lajan gouvènman a bay pou rezon byen espesifik, lajan sa yo disponib sèlman pou sitwayen ameriken.
- **Resevwa benefis gouvènman.** Gen kèk benefis gouvènman an ki disponib sèlman pou sitwayen ameriken.

Natiralizasyon : Vin yon sitwayen

Yo rele pwosesis pou vin yon sitwayen ameriken an " natiralizasyon ". Ou ka aplike pou natiralizasyon lè ou ranpli kondisyon sa yo :

Ou abite Ozetazini pandan omwen 5 an antanke yon rezidan pèmànan (oswa 3 an si ou marye epi ou abite ansanm ak yon sitwayen ameriken).

Ou prezan nan peyi Etazini pandan omwen 30 mwa nan 5 dènye ane ki sot pase yo (oswa 18 mwa nan 3 dènye ane ki sot pase yo si ou marye epi abite ansanm ak yon sitwayen ameriken).

Ou abite nan yon eta oswa distri pandan omwen 3 mwa anvan ou aplike.

Ou ka bezwen suiv diferan règleman si :

- Oumenm, oswa paran ou, mari oswa madanm ou, oswa pitit ou ki mouri, te sèvi nan Lame Ozetazini.
- Ou se yon resòtisan ameriken [U.S. National].
- Ou te resevwa rezidans pèmànan nan lwa amnisti 1986 la.
- Ou se yon refijye oswa yon moun ki mande azil.
- Ou genyen mari ou oswa madanm ou ki se yon ameriken ki estasyone aletranje regilyèman.
- Ou te pèdi sitwayènte amerikèn selon yon lwa ki te la deja paske ou marye ak yon moun ki pa sitwayen.
- Ou se yon anplwaye sèten kalite konpayi oswa òganizasyon a bi nonlikratif.

Gade nan *A Guide to Naturalization* pou plis enfòmasyon. Epitou ou ka ale wè yon avoka imigrasyon oswa lòt pwofesyonèl ki kalifye.

POU JWENN ENFÒMASYON SOU NATIRALIZASYON

Moun ki gen laj 18 an oswa plis ki vle vin sitwayen ameriken dwe chèche Fòm M-476, *A Guide to Naturalization* [Yon Gid pou Natiralizasyon]. Gid sa a genyen enfòmasyon enpòtan sou kondisyon pou ranpli pou natiralizasyon. Li dekri tou fòm ou pral bezwen yo pou kòmanse pwosesis natiralizasyon an.

Pou wè si ou kalifye pou aplike pou natiralizasyon, gade Fòm M-480, Fèy Travay Kalifikasyon pou Natiralizasyon (Naturalization Eligibility Worksheet) ki nan fen *A Guide to Naturalization*. Itilize Fòm N-400 pou aplike pou natiralizasyon. W ap gen pou peye yon frè pou ka soumèt Fòm N-400.

Pou jwenn Fòm M-476, M-480, ak N-400, rele Liy pou Fòm USCIS la nan 1-800-870-3676 oswa jwenn yo sou sit entènèt http://www.uscis.gov.

Kondisyon pou Natiralizasyon

Kondisyon jeneral pou natiralizasyon yo se :

1. Ou abite Ozetazini antanke yon rezidan pèmànan pou yon kantite tan espesifik (Rezidans Kontini).
2. Ou prezan Ozetazini pandan yon tan espesifik (Prezans Fizik).
3. Ou pase yon kantite tan espesifik nan eta w la oswa distri (Tan nan Distri oswa Eta).
4. Ou konpòte w yon jan ki legal epi ki akseptab (Bon Karaktè Moral).
5. Ou konnen lang anglè ak enfòmasyon sou istwa peyi Etazini ak gouvènman an (Anglè ak Sivik).
6. Ou konprann epi aksepte prensip Konstitisyon peyi Etazini an (Atachman a Konstitisyon an).

KENBE REZIDANS KONTINI (CONTINUOUS RESIDENCE (CR)) ANTANKE YON REZIDAN PÈMÀNAN

Si ou kite peyi Etazini pou :	Estati CR ou la :	Pou kenbe estati w la ou dwe :
Plis pase 6 mwa	Petèt kraze	Pwouve ou te kontinye abite, travay, epi/oswa genyen rapò ak peyi Etazini (egzanp peye taks) pandan ou te pati a.
Plis pase 1 nan	Kraze	Nan pifò ka yo, ou oblije rekòmanse Rezidans kontini a ankò. Aplike pou yon pèmi pou re-antre anvan ou kite, si ou planifye retounen Ozetazini antanke yon rezidan pèmànan.

1. Rezidans Kontini

" Rezidans kontini " vle di ou oblije abite Ozetazini antanke yon rezidan pèmànan pou yon sèten kantite tan. Prèske tout moun oblije yon rezidan pèmànan ki an rezidans kontini pandan 5 an (oswa 3 an si ou marye ak yon sitwayen ameriken) anvan yo ka kòmanse pwosesis natiralizasyon an. Pou refijye yo, sa vle di 5 an apatide dat ou te rantre Ozetazini, ki se dabitid jou ou te resevwa estati rezidan pèmànan an. Pou moun yo bay estati azil Ozetazini, tan sa a kòmanse yon (1) ane avan ou te resevwa estati rezidan pèmànan w lan. Dat ki sou kat rezidans pèmànan w la se dat 5 ane a kòmanse. Si ou te kite peyi Etazini pou yon kantite tan long, dabitid 6 mwa oswa plis, ou ka " kraze " rezidans kontini w lan.

PREZÈVE REZIDANS OU A POU REZON NATIRALIZASYON : EKZANPSYON POU ABSANS 1 ANE

Si ou travay pou gouvènman ameriken an, yon Enstitisyon rechèch ameriken ki rekoni, oswa sèten konpayi ameriken, oswa si ou se yon manm klèje a k ap sèvi aletranje, ou ka kapab prezève rezidans kontini w lan si :

1. **Ou te prezan fizikman epi abite Ozetazini san ou pa t kite pou omwen yon lane apre ou te vin yon rezidan pèmànan.**
2. **Ou voye Fòm N-470, Aplikasyon pou prezève rezidans pou rezon natiralizasyon (Application to Preserve Residence for Naturalization Purposes), anvan ou te kite peyi Etazini pandan yon ane. W ap gen pou peye yon frè pou soumèt Fòm N-470.**

Pou plis enfòmasyon, kontakte Liy Fòm USCIS a nan : 1-800-870-3676 epi mande pou Fòm N-470, Aplikasyon pou prezève rezidans pou rezon natiralizasyon. Ou ka jwenn fòm lan tou sou sit entènèt USCIS la nan http://uscis.gov/graphics/formsfee/forms/n-470.htm.

Si ou kite peyi Etazini pou yon (1) ane oswa plis, li posib ou ka retounen si ou gen yon pèmi pou re-antre. Ou dwe aplike pou pèmi sa a anvan ou kite peyi Etazini. Gade paj 7 pou enfòmasyon sou ki jan pou aplike pou yon pèmi pou re-antre. Nan prèske tout ka yo, okenn nan tan ou te fè Ozetazini anvan ou te kite peyi a pa pral konte pou tan rezidans kontini an. Sa vle di ou pral bezwen kòmanse rezidans kontini w la ankò apre ou retounen Ozetazini, epi ou ka bezwen rete tann jiska 4 an ak yon (1) jou anvan ou ka aplike pou natiralizasyon.

TI KONSÈY : Yon pèmi pou re-antre (Fòm I-131) ak aplikasyon pou prezève rezidans pou rezon natiralizasyon an (Fòm N-470) pa menm bagay. Yon pèmi pou re-antre pèmèt ou re-antre peyi Etazini antanke yon rezidan pèmànan si ou te andeyò peyi Etazini pandan plis pase 12 mwa. Fòm N-470 kite sèten moun kenbe rezidans kontini yo a pou rezon natiralizasyon si yo pral andeyò peyi Etazini pou plis pase 12 mwa.

EKZANPSYON POU PÈSONÈL MILITÈ

Si w ap sèvi nan lame kounye an oswa ou te fèk fini sèvis nan Lame amerikèn, kondisyon rezidans kontini an ak prezans fizik yo ka pa aplike pou ou. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou M-599 depliyan Enfòmasyon Natiralizasyon pou Pèsonèl Militè. Chak baz militè dwe genyen yon moun an patikilye pou okipe aplikasyon natiralizasyon epi sètifye yon Fòm N-426, Demann pou Sètifikasyon Sèvis Militè oswa Sèvis Naval (Request for Certification of Military or Naval Service). Ou dwe voye Fòm N-426 lan ansanm ak fòm aplikasyon w yo. Pou jwenn fòm ou bezwen, rele Liy pou Fòm USCIS yo nan : 1-800-870-3676 epi mande pou yon pake militè. Ou ka jwenn M-599 la ak Fòm N-426 nan http://www.uscis.gov.

Sonje si ou pa Ozetazini pandan aplikasyon natiralizasyon ou lan annatant sa ka vin koze pwoblèm nan kalifikasyon w, espesyalman si ou aksepte travay aletranje.

2. Prezans fizik Ozetazini

“ Prezans fizik ” vle di ou te la nan peyi Etazini. Si ou se yon rezidan pèmànan ki gen omwen 18 an, ou oblije fizikman prezan Ozetazini pou omwen 30 mwa pandan 5 dènye ane sa yo (oswa 18 mwa pandan 3 dènye ane sa yo, si ou marye ak yon sitwayen ameriken) anvan ou aplike pou natiralizasyon.

“ PREZANS FIZIK ”

K : Ki diferans ki genyen ant “ prezans fizik ” ak “ rezidans kontini ” ?

R : “ Prezans fizik ” se nonb total jou ou te fè andedan peyi Etazini epi li pa konte ladan li tan ou pase andeyò peyi Etazini. Chak jou ou pase andeyò peyi Etazini retire nan total “ prezans fizik ” ou a. Si ou kite peyi Etazini pou yon kantite tan ki long oswa si ou fè plizyè ti vwayaj kout andeyò peyi Etazini, ou ka pa kapab rive ranpli kondisyon “ prezans fizik ” ou a. Pou konte tan “ prezans fizik ”, ou dwe adisyone ansanm tout tan ou te pase Ozetazini. Epi retire tout vwayaj ou te fè andeyò peyi Etazini. Ti vwayaj kout nan Kanada ak Meksik konte ladan l tou. Pa egzanp, si ou ale Meksik pou yon wikenn, ou oblije mete vwayaj la ladan li lè w ap konte konbyen jou ou pase andeyò peyi a.

“ Rezidans kontini ” se total tan ou te abite antanke yon rezidan pèmànan nan peyi Etazini anvan ou aplike pou natiralizasyon. Si ou pase twòp tan andeyò peyi Etazini pandan yon sèl vwayaj, ou ka kraze “ rezidans pèmànan ” w lan.

3. Tan ou pase antanke yon rezidan nan yon Distri oswa nan yon Eta

Pifò moun oblije rete nan distri oswa eta kote yo aplike pou natiralizasyon an pandan omwen 3 mwa. Etidyan yo ka aplike pou natiralizasyon kote yo ale lekòl la oswa kote fanmi yo rete (si yo depann de paran yo pou sipò).

4. Bon Karaktè Moral

Pou kalifye pou natiralizasyon, ou oblije se yon moun ki gen bon karaktè moral. Yo konsidere yon moun pa gen “ bon karaktè moral ” si yo komèt sèten krim pandan 5 ane anvan yo aplike pou natiralizasyon oswa si yo bay manti pandan antrevi natiralizasyon yo a.

KONPÒTMAN KI KA MONTRE YON MANK BON KARAKTÈ MORAL

- Kondui pandan ou sou oswa ou sou prèske tout tan.
- Jwèt ilegal.
- Pwostitisyon.
- Bay manti pou resevwa benefis imigrasyon.
- Pa peye sipò pou timoun selon ekzijans tribinal.
- Komèt zak teworis.
- Pèsekite yon moun akòz ras, relijyon, peyi orijin, opinyon politik, oswa gwoup sosyal.

Si ou komèt kèk krim espesifik, ou pap ka janm vin yon sitwayen ameriken epi yo pral petèt mete w deyò nan peyi a. Krim sa yo rele “ baryè ” pou natiralizasyon. Krim yo rele “ krim grav ” (“aggravated felonies”) (si ou te komèt yo nan dat 29 novanm 1990 oswa aprè sa), tankou : asasinay, vyòl, abi seksyèl

sou timoun, atak vyolan, trayizon, epi trafik dwòg, trafik zam afe, oswa trafik moun se kèk egzanp baryè pèmànan pou natiralizasyon. Nan pifò ka yo, imigran yo te egzante pou sèvi nan Lame Etazini paske yo se imigran oswa yo t ap sèvi nan lame epi yo abandone pòs yo (kraze rak) pap janm kapab vin yon sitwayen ameriken.

Yo ka refize w sitwayènte tou si ou konpòte w kèk lòt fason ki montre ou manke bon karaktè moral.

Gen lòt krim ki tanporèman anpeche natiralizasyon. Lè yo tanporèman anpeche natiralizasyon sa vle di dabitid yo anpeche w vin sitwayen pou jiska 5 an apre ou te komèt krim lan. Krim sa yo se :

- Nenpòt krim kont yon moun avèk entansyon pou fè moun lan mal.
- Nenpòt krim kont yon pwopriyete oswa kont gouvènman an ki gen rapò ak fwòd.
- 2 oswa plis krim ki gen santans ki adisyone a 5 ane oswa plis.
- Vyole lwa sou sibstans kontwole (pa egzanp lè w itilize oswa vann dwog ilegal).
- Pase 180 jou oswa plis pandan 5 ane ki sot pase yo nan prizon.

Rapòte nenpòt krim ou te komèt lè w ap aplike pou natiralizasyon. Sa vle di tou krim yo te retire nan dosye w oswa ou te komèt anvan ou te gen 18 an. Si ou pa di USCIS anyen sou yo, yo ka refize sitwayènte epi yo ka pousuiv ou.

5. Anglè ak Sivik

Jeneralman, ou dwe montre ou ka li, ekri, epi pale anglè debaz. Ou dwe genyen tou yon konesans debaz sou istwa ak gouvènman ameriken an (yo rele sa tou " sivik "). Yo pral mande pou pran yon egzamen anglè ak yon egzamen sivik pou pwouve konesans ou.

Anpil lekòl ak òganizasyon kominotè ede moun prepare pou egzamen sitwayènte yo. Ou ka jwenn egzanp kesyon egzamen nan *A Guide to Naturalization*. Ou ka jwenn materyèl pou ede w etidye pou egzamen yo ansanm ak egzamen pratik sou sit entènèt USCIS la nan http://uscis.gov/graphics/services/natz/require.htm.

6. Atachman ak Konstitisyon an

Ou oblije dakò sipòte epi defann peyi Etazini ak Konstitisyon l lan. Ou deklare " atachman " w oswa lwayote w pou peyi Etazini ak Konstitisyon an lè ou prete Sèman Fidèlite. Ou vin yon sitwayen ameriken lè ou prete Sèman Fidèlite.

EKZANPSYON POU RANPLI KONDISYON POU ANGLÈ AK KONDISYON POU SIVIK

Gen moun ki aplike pou natiralizasyon ki genyen kondisyon diferan pou ranpli pou egzamen akòz laj yo epi kantite tan yo genyen depi yo abite Ozetazini.

Si ou gen	Abite antanke rezidan pèmànan Ozetazini pandan	Ou pa pran	Ou oblije pran
Plis pase 50 an	20 an	Egzamen anglè	egzamen sivik lan nan lang ou
Plis pase 55 an	15 an	Egzamen anglè	egzamen sivik lan nan lang ou
Plis pase 65 an	20 an	Egzamen anglè	egzamen sivik senplifye nan lang ou

Si ou pa bezwen pran egzamen anglè a, ou oblije vini ak pwòp tradiktè w pou pran egzamen sivik la. Si ou genyen yon andikap fizik oswa mantal, ou ka pa bezwen pran toude egzamen yo si ou ranpli Fòm N-648, Sètifikasyon Medikal pou Eksepsyon Andikap (Medical Certification for Disability Exceptions), ansanm ak aplikasyon w lan. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Liy Fòm USCIS yo nan : 1-800-870-3676 epi mande pou Fòm N-648 oswa pran yon kopi sou sit entènèt USCIS a nan http://www.uscis.gov/graphics/formsfee/forms/n-648.htm.

Moun ki montre yon genyen yon andikap fizik oswa devlopmantal ki fè yo paka konprann siyifikasyon sèman an pa bezwen prete Sèman Fidelite.

Si ou genyen yon aplikasyon natiralizasyon annatant epi ou demenaje, ou oblije fè konnen USCIS nouvèl adrès ou an. Ou ka rele 1-800-375-5283 pou rapòte nouvèl adrès ou an. Ou oblije ranpli tou Fòm AR-11 nan DHS la. Gade paj 8 pou esplikasyon.

Seremoni Natiralizasyon yo

Si USCIS apwouve aplikasyon pou natiralizasyon w lan, ou oblije ale nan yon seremoni epi prete Sèman Fidèlite. USCIS pral voye ba ou yon Fòm N-445, Avi Seremoni Sèman Natiralizasyon (Notice of Naturalization Oath Ceremony), pou di w lè ak dat seremoni w lan. Ou oblije ranpli fòm sa a epi pote li nan seremoni w lan.

Si ou paka ale nan seremoni w lan, ou ka mande pou yon lòt jou. Pou mande yon lòt jou, ou oblije voye Fòm N-445 la tounen nan biwo USCIS ki nan lokalite w la ansanm ak yon lèt ki esplike poukisa ou paka ale nan seremoni an.

Ou pral remèt kat rezidan pèmànan w lan bay USCIS lè ou anrejistre nan seremoni Sèman an. Ou pa pral bezwen kat ou an ankò paske ou pral resevwa yon sètifika natiralizasyon nan seremoni an.

Ou pa yon sitwayen toutotan ou pa prete Sèman Fidèlite a. Yon ofisyèl pral li chak pati Sèman an dousman epi mande w pou repete mo yo. Apre ou prete Sèman an, ou pral resevwa Sètifika Natiralizasyon w lan. Sètifika sa a pwouve ou se yon sitwayen ameriken.

Seremoni Sèman Fidèlite a se yon evenman piblik. Anpil kominote genyen seremoni espesyal chak ane nan jou Endepandans, 4 jiyè. Tyeke pou wè si kominote w la genyen yon seremoni sitwayènte espesyal 4 jiyè epi ki jan ou ka patisipe. Anpil moun vini ansanm ak fanmi yo pou selebre aprè seremoni an.

PEYI ETAZINI JOUNEN JODI A*

*Peyi Etazini enkli teritwa Gwam, Samowa Ameriken, ak Zile Vyèj Etazini, ak Komonnwèlf Zile Nò Maryann yo ak Pòtoriko ki pa parèt sou kat jeyografik sa a.

JOU FERYE FEDERAL

Gouvènman federal la genyen jou ferye ofisyèl sa yo ki anba a. Pifò biwo federal yo fèmen nan jou sa yo. Si yon jou ferye tonbe yon samdi, yo obsèvi jou sa a nan vandredi anvan jou an. Si yon konje tonbe yon dimanch, yo obsève li nan lendi apre a. Anpil anplwayè bay anplwaye yo konje nan dat sa yo.

Jou dlan (New Year's Day)	1ye janvye
Anivèsè Martin Luther King, Jr.	3yèm lendi nan mwad janvye
Jou Prezidan yo (Presidents' Day)	3yèm lendi nan mwad fevriye
Jou " Memoryal " (Memorial Day)	Dènye lendi nan mwad me
Jou Endepandans (Independence Day)	4 jiyè
Jou Travay (Labor Day)	Premye lendi nan mwad septanm
Jou Kolon (Columbus Day)	2yèm lendi nan mwad oktòb
Jou veteran (Veterans Day)	11 novanm
Jou aksyon degras (Thanksgiving)	4yèm jedi nan mwad novanm
Nwèl (Christmas Day)	25 desanm

ENFÒMASYON SIPLEMANTÈ POU GID SA A

Paj 8, foto adwat koutwazi http://www.goarmy.com.

Paj 26, bwat tèks, foto anwo pa Gerald L. Nino.

Paj 1, 19, 44, ak 45, foto pa John Vavricka.